Seri Naskah Nusantara No. 72

PUSTAKA ASAL-USUL KASULTANAN CIREBON

Transliterasi dan Terjemahan:

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

2018

Seri Naskah Nusantara No. 72

PUSTAKA ASAL-USUL KASULTANAN CIREBON

Transliterasi dan Terjemahan:
Pangeran Hempi Raja Kaprabon
Muhamad Mukhtar Zaedin

Editor:
Ki Tarka Sutarahardja

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

2018

Perpustakaan Nasional
Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Pustaka Asal-Usul Kasultanan Cirebon;
Transliterasi dan Terjemahan/oleh Pangeran Hempi Raja Kaprabon dll.—Jakarta : Perpustakaan Nasional RI, 2018.
132 hlm; 16 x 23 cm. (Seri Naskah Nusantara No. 72)
I. Sastra Jawa II. Pangeran Hempi Raja Kaprabon. III. Muhamad Mukhtar Zaedin. III. Ki Tarka Sutarahardja IV. Perpustakaan Nasional RI

ISBN: 978-979-008-…-… 899.2222

Perancang Sampul & Tata Letak
Agus W. Priyono

Illustrasi sampul
Contoh Naskah Kuna

Diterbitkan oleh
Perpustakaan Nasional RI
Jl. Salemba Raya 28 A , Jakarta 10430
Telp (021) 3154863/64/70 eks.264
Faks : 021-3103554
Email:lkk@pnri.go.id

Warisan budaya bangsa Indonesia sangat beragam dan mempunyai nilai sangat tinggi, salah satunya adalah warisan budaya tulis yang tersebar di seluruh wilayah Indonesia. Demi menjaga warisan budaya tulis ini agar tidak punah ditelan zaman, maka perlu adanya penyelamatan isi atau kandungannya agar dapat diketahui dan dimanfaatkan oleh generasi penerus.

Perpustakaan Nasional RI sebagai salah satu Lembaga Pemerinah Non Kementerian mempunyai tugas dan fungsi, salah satunya yaitu melestarikan karya budaya bangsa yang terkandung dalam naskah kuno. Hal ini sesuai dengan tugas dan fungsi Perpustakaan Nasional RI seperti yang tercantum dalam Undang-Undang Nomor 43 tahun 2007 tentang Perpustakaan dan Undang-Undang Nomor 11 tahun 2010 tentang Cagar Budaya.

Dalam rangka penyelamatan isi yang terkandung dalam karya budaya bangsa, khususnya yang terkandung dalam karya tulis yang berupa naskah-kuno, Perpustakaan Nasional RI pada kesempatan ini menerbitkan hasil alih aksara naskah Jawa, Cirebon yang berjudul *Kasultanan Cirebon* Pemilihan naskah ini didasarkan kondisi naskah yang sudah cukup rapuh dan aksara naskah yang jarang diketahui oleh masyarakat saat ini.

Kegiatan semacam ini sangat diperlukan dan harus tetap terjaga serta ditingkatkan secara berkesinambungan, mengingat semakin langkanya masyarakat sekarang yang mampu membaca naskah-naskah lama. Semoga dengan terbitnya buku ini, masyarakat akan mengetahui salah satu peninggalan tulis para leluhur yang sangat tinggi nilainya. Saran dan tanggapan dari pembaca untuk penyempurnaan buku ini akan kami terima dengan senang hati.

Jakarta, 2018

Deputi Bidang Pengembangan Bahan Pustaka dan Jasa Informasi

Naskah dengan nomor kede 10 ini berjudul Pustaka Asal-usul Kasultanan Cirebon koleksi Keraton Keprabonan. Ukuran naskah 30 x 23 cm dengan lebar teks 26 x 20 cm. Adapun akasara yang digunakan adalah aksara Jawa dengan menggunakan bahasa Cirebon. Jumlah halaman keseluruhannya mencapai 81 halaman. Pada tiap-tiap halaman, naskah ini berisi 17 baris yang masing-masing baris memiliki glosari. Warna tinta yang digunakan dalam penulisan teks naskah ini ialah warna hitam dan merah. Tinta merah digunakan untuk menandai rubrikasi baru dan dan nama-nama tokoh yang diangap penting oleh penulis. Tulisan cukup rapih dan sangat jelas terbaca. Alas naskah ini menggunakan kertas Eropa dengan garis tipis 11 pada tiap 1 cm dan menggunakan garis tebal sebanyak 6 pada jarak 13 cm. Adapun *watermark* naskah bergambar "singa dalam lingkaran mahkota". Naskah ini sudah dilaminasi dengan tissue Jepang, sehingga tampak bersih dan kuat (tidak rapuh lagi).

Gambaran isi teks naskah secara singkat dapat di simpulkan sebagai berikut: pada bagian awal, naskah ini menceritakan para isteri, anak, abdi, dan sahabat Nabi Muhammad SAW. Pembahasan selanjutnya adalah wanita para wanita yang menjad panutan dan menjadi para pemimpin di akhirat nanti. Kemudian tentang Penciptaan Alam Semeta, Para Rusul, Silsilah Nabi Adam AS hingga ke Nabi Muhammad SAW.

Selanjutnya pada bagian pertengahan, teks naskah ini menceritakan tentang Silsilah Sunan Gunungjati hingga ke Nabi Muhammad SAW, Para Putra Sunan Gunungjati, Pangeran Muhammad Syah dan Ratu Mas Nyawa, Panageran Waruju Aria Suryanagara, Pangeran Aria Wirasuta, Ratu Raja Wanawati, Panembahan Ratu dan Ratu Pembayun, Pangeran Dipati Suwarga dan Pangeran Dipati Raja Carbon, Ratu Bagus Pase atau Fatahillah, Pangeran Arya Mas Ruju dan Pangeran Dipati Demak, Ratu Kencana dan Pangeran Kamiran, Ratu Raja Gung atau Pangeran Gedhe, Pangeran Pamade, Pangeran Sabrang

Wetan, Pangeran Sedangrana, Pangeran Santri, Putra-putra Sultan Sepuh Jamaiddin, Putra-putra Sultan Sepuh, Tajul'aripin Muhammad Jaenudin, Putra-putra Sultan Sepuh Raja Sena, Putra-putra Pangeran Ariya Carbon, Putra-putra Sultan Carbon Martawijaya, Putra-putra Sultan Carbon Adiwijaya, Putra-putra Sultan Carbon Badriddin, Putra-putra Sultan Anom Alimuddin, Panembahan Dipati Carbon, Panembahan Losari, Pangeran Dipati Nataningrat, Kanjeng Pangeran Brataningrat, Silsilah Ki Pati Magelung, Raden Rakhmat Sunan Ampel Denta, Pangeran Darajat, Pangeran Panggung, Raden Sahid Sunan Kalijaga, Susunan Giri Gajah, Ki Kuwu Carbon Girang, Syekh Majagung,

Selanjutnya teks naskah ini menceritakan tentang asal-usul Majapahit, Parbu Brawijaya, Bondan Kajawan atau Lembu Peteng, Ki Gede Sela Sang Penakuk Petir, Raden Ngabehi Sutawijaya, Sultan Pajang, Mataram dan Kartasura, Sunan Kuning, Pangeran Ariaydillah dan Pangeran Harya Palembang , Sang Suwung Rasa, Sang Prabu Ciungwanara, Raden Pamanah Rasa Prabu Siliwangi, Kidang Pananjung dan Ki Gelap Nyawang, Sang Raja Cakra Buana, Sang Raja Sangara, Nyi Dalem Ayu, Kanjeng Sinuhun Jati berguru Kitab Sitin Asmarakandi kepada Pangeran Makdum, Kanjeng Sinuhun Jati menikah dengan Nyi Rara Cempaka atau Nyi Mas Babadan, Sultan Demak mengutus Putranya Pangeran Dipati untuk berguru kepada Kanjeng Sinuhun Jati, Kanjeng Sinuhun Jati dan Sunan Kalijaga, Kanjeng Sinuhun Jati berangkat ke Banisrail Menjemput Ibunya, Pangeran Pasareyan, Pangeran Sedang Lautan, Pangeran Sebakingkin, Ki Gedeng Jati dan Ki Gedeng Kedokan, Pangeran Sebakingkin dan Pangeran Pasareyan, Keturunan Pangeran Sebakingkin, Keturunan Panembahan Ratu, Ki Gede Sembung dan Pangeran Wadal Gunung, Pangeran Balotha dan Pangeran Suci, Silsailah Amangkurat dari Pewayangan, Sultan Himammudin, dan terakhir tentang Raja Kaprabon dan keturunannya.

Hingkang garwa Kangjeng Nabi kita Mukhammad ngalehis salam kabehe sasanga; Siti Angisa binti Abu Bakar ralliyallahu nganhu, Siti Khadija binti Malik Meka, Umi Kabiba binti Malik, Sapiya Kapsa binti Umar ralliyallahu nganhu, Jenab binti Malik Taksa, Mahemuna binti Malik Sangab, Supiya binti Malik Kakina, Sodha binti Malik Karaheta, Siti Salima binti Malik Yaman. Kang putra Kangjeng Nabi pipitu; Kasim, Thahir, Ibrahim, Siti Patima, Rukiya, Umi Kasum.

Kawula amatte rolas; Nyi Nangba, Nyi Misalag, Nyi Saben, Nyi Ribakh, Nyi Sakisal, Nyi Majman, Nyi Basari, Nyi Jedal, Nyi Ramil, Nyi Lamir, Nyi Lubed, Nyi Muwatibal.

Abu Bakar ralliyallahu nganhu dadi kalipa sahiki lawase 32, punnjl telung wulan sangang bengi. Umar dadi kalipa sahiki lawase 10 punjule nem wulan limang bengi. Usman ralliyallahu nganhu dadi kalipa samene lawasse 12, kurang rolas bengi. Sayiddinna Ngali ralliyallahu nganhu dadi kalipa hing Meka, samene lawasse 5, kurang telung wulan.

Wong wadon kang dadi pangarepe wong wadon kabe hing ngakheratte papat; Dewi Patima, Dewi Angisa, Dewi Khadija, Dewi Maryam kang ibu Nabi Ngisa. **(h. 1)**

Kawruhana denira, hestokena hing ngati, hiki holi metik saking saratt iman, Alla(h) tangala handadekkkake Lokh, Khalam, Ngaras, Kursi, surga, naraka, lan Bumi lan sahisine kabe mung nem dina, saking dina Hakhad teka hing dina Jumangat. Alla(h) hangarani dina pipitu: Hakhad, Hisnen, Salasa, Harbanga, Khammis, Jumangat, Saptu.

Hing sajerone sadinna sawengi hana sangat lilima, iki harane: Hakmad, Jabarail, Hibrahim, Yusup, Ngijrail. Alla(h) hangarani hing wulan rolas; Mukharam, Sapar, Rabingulawal, Rabingulakhir, Jumadilawal, Jumadilakhir, Rajab, Sangbhan, Ramedhan, Sawal, Dulkangida, Dulkija. Alla(h) hangarani tahun wowolu: Halip, He, Jim, Re, Dal, Be, Wawo, Jimmakir.

Kawruhana maning denira, Alla(h) tangala handadekkaken

Kangjeng Nabi Adam sapiyulla ngalehissalam ginawe saking geni kang hora panas, lan saking hangin kang horana surudde, lan saking banyu kang hora hangatisi, lan saking bumi rakmat taranne. Duk winangunne hambeneri hing tenga tuwu hing dunya hiki. Wiwitane ginawe tapel hing di- **(h. 2)** na Hakhad waktu Subu wulan Mukharam, tanggal ping sapulu, tahun Nalip.

Lan besuk wiwittane dina khiyamat, lebure dunya hiki ngabahiya kaya hing waktu hiku. Kawruhanna denning sirakang yusma Kangjeng Nabi Adam sapiyulla(h) ngalehissalam 999. Hana maning kang ngarani samene 990, kahol saparo hangarani sahiki 939, karawuhan wakhyu ping samene 60, katurunan kitab sahiki 10, hagamane kenna nika lan sadulure.

Nabi Sis putrane Nabi Adam sapiyulla(h) ngalehissalam, yahiku Nabi kang hora kagungngan ibu, hagarwa widadari duk masi jumenenge, karawuhan kitab 50, kang yuswa 700. Nabi Idris ngalehissalam karawuhan kitab 30, kang yuswa 40, yahiku kang wis hanang langait kaping pat, sahikine pagawehanne handongdommi, horana hendhane sadhela, hora hangrasa bosen lan norana pegelle, kang den dommi sandangan sawarga kanggo sandhangan ning umat kang malebung sawarga, lan iya hiku Nabi kang hora mati, nanging wis saparti mati. Duk ginawane saking dunya dening malaikat, pinisa sakinge lan balalungnge. Bareng teka hing langit kaping pat nuli den waluyakkaken maning kaya **(h. 3)** duking dunya.

Mangka jumeneng Nabi Nokh ngalehissalam. Hado hetahunne lan Nabi Adam 3269, katurunnan sarengat, hora kitab. Agamane hangalallaken kikirik kang gumelo-gelo, karawuhan wakyu 50, yuswane 1000 kahol saparo sahiki 1500. Mangka jumeneng Nabi Hud ngalehissalam kang yuswa 180, toli Nabi Salikh ngalehissalam hing kang yuswa 96, karo hiku padha netepaken agamane Kangjeng Nabi Nokh ngalehissalam.

Nuli jumeneng Kangjeng Nabi Ibrahim kalilulla(h) ngalehissalam hadohe tahunne lan Nabi Nokh 3300, karawuhan sarengat sarta kitab 10, karawuhan wakhyu 34 agamane hangalallakenn arak, kang yuswa 192. Hanna kang hangaranni maning samene 684.

Duk Kangjeng Nabi Ibrahim ngalehissalam nembe yuwa samene

100, puputra Kangjeng Nabi Ismail ngalehissalam kang yuswa 170, nanging kang hibu sing ngabdi haran si wadon Najar, dupi Nabi Iskak hibune sing garwa putri Siti Nasara haranne kang yuswa Kangjeng Nabi Iskak ngalehissalam sahiki 180. Nabi Yusup **(h. 4)** ngalehissalam kang yuswa 320 kaputuse denning Nabi Iskak.

Toli jumeneng Nabi Musa kalammulla(h) ngalehissalam, hadohe tahunne lan Nabi Ibrahim samene 1383, karawuhan kitab Torat sarta sarengat agamane dennana kang kudhissen hatawa kennang najis den niris. Karawuhan wakhyu ping 400, kang yuswa hiki 120, hanna kang ngarani 130. Kangjeng Nabi Zakariya ngalehissalam kang yuswa samene 300. Nabi Yakhya ngalehissalam kang yuswa sahiki 180. Kahol saparo yuswane samene 160.

Noli jumeneng Kangjeng Nabi Ngisa rokhulla(h) ngalehissalam yahiku nabi kang hora duwe rama, kang hibu Dewi Maryam, karawuhan kitab Hinjil sarta sarengat agamane hora kukum kisas karawuhan wakhyu ping 10.

Hadohe tahune lan Nabi Musa 1673, kang yuswa 36. Hanna kang ngaranni sahiki 33, bari durung hakramma, toliginawa denning malaikat maring langit kaping ndho, kinon hangedommi banderane Kangjeng Nabi kita Mukhammad khabibballa(h) ngalehissalam, dala hiki durung pa(ra)gat. Besuk hing ngakir jaman tinurunnaken maning maring dunya kinon namateni Idajal langnatulla(h) sawisse **(h. 5)** nuli dadi ratu hing Meka patang pulu tahun lawasse, kaliwatt ing karta, tan nana pitnahe, toli sumeren kinubur hing jerone masigit Madina bareng lan Panutan kita. Toli jumeneng Kangjeng Nabi Dawud kalipatulla(h) ngalehissalam, karawuhan kitab Jabur hora mawa sarengat, kang yuswa samene 90.

Kangjeng Nabi Suleman ngalehissalam kang yuswa sahiki 66, hang raja hing Mesir kaliwa t kaseppe hing sahisining dunya hiki. Karo hiku padha haneteppa kenhing ngagamane Nabi Ngisa rokhulla(h) ngalehissalam. Duk jaman kali nembe holi sahiki 450 saking Panutan kita Kangjeng Nabi Mukhammad kabibulla(h) mustapa salallahu ngaleyhi wasalam.

Duk Kangjeng Nabi yuswa hiki 40, dadi kalipahing Alla(h) bareng kang yuswa sahiki 63 pindha hing Madhinna. Nembe hing

Madina holi 3 perang Palahad. Bareng jaman kali holi 36. Sumeren Panutan kita hing dinna Isnen waktu Dukha wulan Rabiyulawal tanggal ping 12, tahun Dal. Dadi kang yuswa Kangjeng Nabi 63, harawuhan wakhyu ping 34.000. Hadohe tahunne lan Nabi Ngisa 46 naga, karawuhan kitab Khuran sarta sarengat tekang kiyamat pi- **(h. 6)** san, tan sinalinan hagamane Nabi Mukhammad hiku ngalehissalam. Nabi Mukhammad ngalehissalam dadi Panguluning nabi, dadi dadi Panutan nabi, nabine wong akhir jaman.

Kangjeng Nabi Adam sapiyulla(h) ngalehissalam hapuputra Nabi Tis ngalehissalam, nuli puputra Dab, nupuputra Kinada, puputra Malit. Hapuputra Malat, puputra Bar, nuli puputra Nabi Idris ngalehissalam, nuli puputra Dasja, puputra Lamak. Puputra Nabi Nukh ngalehissalam. Sing Nabi Idris ming Nabi Nukh wolung pulu tahun. Nabi Nukh puputra Hasam, hapuputra Pasad. Nuli puputra Palikh. Hapuputra Rukh. Puputra Sarakh. Hapuputra Pakur, puputra Nabi Najar. Hapuputra Nabi Ibrahim kalilulla(h) ngalehissalam. Duk yuswa samene 100, nuli puputra Kangjeng Nabi Ismail ngalehissalam. Puputra Thibit, puputra Durap, Puputra Pakur. Hapuputra Mutawya, puputra Ngudu. Puputra Malik puputra Malat, puputra Ajar, puputra Mukur, puputra Nabi Ilyas ngalehissalam. Puputra Malik, puputra Ngajima, puputra Muna, puputra Tangsir, puputra Pakir. 35. Puputra Malik, ha- **(h. 7)** puputra Kasim, puputra Manap, puputra Kasim, puputra Abdul Mutalib. Puputra Abdulla(h), puputra Kangjeng Nabi Mukhammad mustapa salallahu ngalehyhissam kang linahiraken hing Meka nan sinare, hijerone masigit Madina, kang hibu Dewi Siti Aminna, putrane Ki Wahab.

Hadohe tahunne Nabi kita Mukhammad ngalehissalam lan Nabi Adam ngalehissalam sahiki 7977. Hana kang hangarani maning yen samene 6650. Kangjeng Nabi Mukhammad khabibulla(h) ngalehissalam puputra Saripa Siti Patima pangarepping wadon hakrama lan Bagendha Ngali raliyallahu nganhu, puputra Khsan lan Kusen, hapuputra Jenal Ngabidin, hapuputra Mukhammad Mubarakin. Puputra Iman Jabar Sadik, puputra Umi Musa, hapuputra Kalijam, puputra Habi Jamali, hapuputra Amad Nakiddi. Puputra Ngali Nakiddi, hapuputra Hasan Sukri, puputra Mukhammad Dadi, hapuputra Raja Banissrail, puputra

Ratu Mesir. Puputra Raja Duta, hapuputra Kangjeng Sinuhun Carbon.

Saking sumerene Kangjeng Nabi Mukhammad nga **(h. 8)** lehissalan(m) teka maring sumerenne Kangjeng Sinuhun samene hadohe tahunne 915. Kangjeng Sinuhun raliyallahu nganhu kang yuswaneng gesa(ng) punika 130. Duk hanelammaken Hajar Dhomas hing Banten jaman kali nembe 1400. Puputra nenem; pambajeng, Pangeran Pasareyan kang hawal paparab Pangeran Jaka Lana, sumala maksi dhereng tetek tunggil hibu lan Pangeran Kang Seda HIng Lahutan, patuttan saking putri Pajajaran, katela(u) Nyahi Gedheng Jati, putra kang panenggek wasta Ratu Hayu hakramma Sultan Demak kang hibu hasal Majepahit sunune Nyi Rangdha Wulangun, katela Nyi Gedheng Tepas. Putra kang pamade Pangeran Mukhammad Sa(h) kang sinare hing Hastana Mundhu. Putra kang panenga(h) Pangeran Mukhammad Harip kang katela Pangeran Pasareyan, kang hakir sahibu lan Ratu Hayu. Putra kang waragil Pangeran Kasannudin jujuluk Sebakingkin kang Raja hing Banten kang hibu Putri Kawungnganten, kang rayi saderek Pangeran Cangkuwang pi narabban dening Kangjeng Sinuhun Pangeran Cakuwang dadi Pangeran Carbon, putra waruju Ratu Winahon sahibu lan Pangeran Sabakingkin. **(h. 9)**

Ratu Hayu hakrama lan Sultan Demak dereng kongsi puputra nunten nenggal pa(i)sa, nunten wonten tiyang hagung sabrang saking nagari Pase hangajawi paparabbe katela Ratu Bagus Pase hing nengngera(n) Petak, nunten pinupu manju dening Kangjeng Sinuhun pinanggihaken lan Ratu Hayu. Hapuputra sakawan; histri titiga, jaler sanunggal.

Pangeran Mukhammad Sa(h) kapendet badhe manju dening Sultan Demak pinanggihaken lan kang putra pambajeng paparab Ratu Mas Nyawa, lininggihaken hing nagari Tuban, haning boten puputra saking sami helikke, sakalihe lami lami Kangjeng Pangeran manjuk dhateng Pakungdya halampa bahit lan tanjun paladhare sareng hanglepassi tenga hing hendhar.

Nunten manggi Bajo Kangjeng Pangeran, nunten niyat sabilulla(h) hamuruggi hing bahita bibitting Bajo sareng pedhek nunten pancas, dangu ning tangled tan miyanti, badhama nning Bajo, nunten kahinggahan bahitanne kahamuk sugrang kang kajawi hing kurung tan

wonten kang manggapuli sareng hara hanglebetting kurung, nunten kasogok lan wahos kujur, nunten Pangeran kanin ragi pranna, nuten kapalajengngaken dening kang pawongan tann adhangu Pangeran **(h. 10)** seda waksi hing lahutan. Lunta binakta hing dharat katuraken hing Kangjeng Sinuhun, yen kang putra sampun seda. Kang handika Kangjeng Susunnan: "Hem, yen ta rencang harep saha nedha hing Alla(h), hing nguripppe, ya hurip putra rencang, hanging si wus paren ta hing Alla(h). Nunten Kangjeng Susuan potusan ngaturi Sultan Demak sarta ngaturi huninga yen kang putra seda hing lahutan dening Bajo, rehing lampahing aholiya tan dangu henggal rawu hing Pakungwati."

Sultan Demak bari hambakta kang putra Ratu Mas Nyawa. Nunten sami linggi Susunan lan Sultan, nunten matur hing Susunnan rek langkung hing howel sangetting cuwa hing manna, re tan tutuggeng genna hapuputra, nunten Susunnan ngandika hing kang putra Pangren Mukhammad Ngarip, hara pinatut kali dhateng kang hipe kinon hagentossi kalasa kajeng sirahe kang raka Kangjeng Pangeran Nragimingkung, nanging pinaksa denning kang rama, nunten Susunnan ros hing Ratu Mas Nyawa. Hora pinanggihaken lan kang hipe dupi hature hinggi Susunnan: "Hayu boten kangkat langganna hing karsa tuwan, nanging kang kahula tedha kongsiya kaken-kaken nine-ninen lan namba tuwan nangke putra dunya kherat."

Kangjeng Susunnan kendel sasahat nuntenna ngandika Kangjeng: "Panninggi **(h. 11)** Susunnan nenggi manira nanggupi hing panjalukke nyi hanak, nunten naros hing Sultan Demak hing pampaggi, nunten katingkahaken Kang jeng Pangeran Mukhammad haris lan Ratu Mas Nyawa sampun ning dalem hanunggil kayun sakramanne."

Nunten kahundu mantu hing nagari Demak lami ning lami Kangjeng Pangeran kadhawuhan pahanglu, wekassane seda. Sultan Demak nunten hapotussan hing Garage hamratelakkaken hing Kangjeng Susunnan yen kang putra seda. Lan potusan mali ngaturi Susunnan Dilangu kang pratapa hing Lepen Jaga, tan nadangu rawu Kangjeng Sinuhun wantu lampahing aholiya hengal rawu sampun kapanggi kang putra sampun kahulesan sami linggi Susunan lan Sultan miwa Sunan Kalijaga.

Nunten Ratu Mas nyannya kussnya sarta lara karunne, hamelas

hasi sasambate hing hawa sareng Susunnan rawu pinalajengan hanubruk kang sampeyan bari tinuture Ratu Mas Nyawa: "Ya pupunden namba sangi wensi pangandika tuwan dhateng hamba kongsikaken kaken nineni ninen kahula ninidang hing putra tuwan, dupi mangke seda hamba nempahaken hing tuwan."

Nunten Susunnan ngandika: "Boya mati putra mannira nunten hangale seda kang sampeyan, lunta wurunne."

Kang pangandika Kangjeng Sinuhun: "Lata boya **(h. 12)** mati-mati hanak manira."

Nunten ngandika Susunnan Kadilangu: "He Rayi Makhdum Carbon, puniku sultan tebeng hanyoba hing rakmat tuwan. Kang wangsul lan sakehing puji kaduwe hing Alla(h), mila Pangeran Mukhammad Harip katela Pangeran Pasareyan dala mangke dening sampun sumare, kongsi wungu mali."

Kangjeng Pangeran Pasareyan puputra saking Ratu Mas Nyawa titiga; pambajeng Pangeran Dipati Carbon kang seda hing Kamuning, panenggek Panembahan Losari, kang panenga katela Pangeran Wurruju, hakramma lan kang putra Sultan Pajang, puputra kakali; kang sepu Ratu Mas Hing Pajang, kang hanem wasta Ratu Kagaluwan.

Pangeran Wuruju jinenenghaken wasta Pangeran Nariya Suryanagara. Pangeran Dipati Carbon hakramma lan kang putra Ratu Bagus Pase; kang pambajeng wasta Ratu Raja Wanawati kinawayu lan kang putra Pangeran Kadiri kang putu Sultan Demak wasta Ratu Mas Gulampok, nanging tanna puputra Ratu Gulampon(k) kagungan pawongan kakasi wasta Nyi Wadon Rara Lasmi hasahe warnine hasal tiyang Sembung, nunten pinudhut dening kang raka kang rayi Ratu Raken, nuli kaningkha hapuputra jaler wasta Raden Jaka Kaputra putra dening Ratu Mas Gulampok. Sareng sepu kawastanan Pangeran Nariya Wirasuta li- **(h. 13)** ninggihaken hing nagari Gebang, ginentossaken hing lilinggihe kahi Supethak.

Nunten hakramma lan kang putra Ki Ngabehi Wiralodra kang marenta Darmajeng wasta Nyi Mas Rara Pamengkang. Dupi kang putra Ratu Raja Wanawati nenembang sepu Kangjeng Pembahan Ratu Pangeran Manis Pangerann Raja Sunu sumala, nunten Ratu Sewu, nunten wonten kakali mali sumalama Pangeran Manis kasuhur hing

Bagus Sawarnane, nanging tanna puputra.

Ratu Sewu hakramma lan Ratu Bagus Hing Tanna hangke yahing jajahan Banten. Nuli puputra pinaparabban katela Pangeran Sambarana, hapuputra jaler sanunggal hawasta Pangeran Kasatriyan krama hing Nagari Tuban, puputra titiga; kang sepu kang rama Pangeran Wangsaraja, pagulu Ratu Jagasatru; kang wuruju katela Pangeran Bagus. Kangjeng Panembahan Ratu kang yuswa 110, hakrama lan kang putra Pangeran Gedhe. Kang pambajeng wasta Ratu Pambayun, puputra histri wasta Ratu Kusuma Waningyun.

Kangjeng Panembahan Ratu hakramma mali lan kang putra Pangerann Ariya Surya Nagara kang wasta Ratu Mas hing Pajang, puputra titiga; kang sepu Pangeran kang seda hing Balimbing, nunten Ratu Rana Manggala, nunten Pangeran Dipati Hadiningkusuma kang seda hing Madegayam hing ka Pa- **(h. 14)** nembahan putra sing hampiyan kakali wasta Pangeran Hariya Kidullan Pangeran Hariya Wiranagari.

Dados nenem gunge kang putra Panembahan Ratu, kang sepu Pangeran seda hing Balingbing, da hing Panembahan, panggulu Pangerann Ariya Kidul, panenga Pangerann Arya Wiranagara, kang panendhi Ratu Harya Rana Manggala; kang pamuragil Kangjeng Pangeran Dipati Sawarga kang seda hing Made Gayam, kang wuruju Ratu garwa si Nga Waningyun.

Kangjeng Pangeran Dipati Raja Carbon kang seda hing Madegayam hakramma lan Ratu Dipati putranne pambajeng Pangeran Samade kang patutan saking Ratu Kagaluwan.

Ratu Dipati puputra kakali; kang sepu wasta Ratu Putri; kang hanem wasta Panembahan kang sinare hing Girilaya jujulukke Pangeran Ramni kang putra Pangeran Dipati. Nanging sing hampiyan kakali paparabbe Ratu Ketib lan Ratu Siti Pamengkang, sami karaka dening Kangjeng Panembahan Girilaya. Ratu Bagus Pase kang mantu Kangjeng Sinuhun kang putra Raja Lahut kang hangre nagari Pase kawargi dening putra Sultan Bagdad kang wasta Pangeran Pangayunan kang sinare hing Palalangon, tedak saking Jenal Ngabidin raliyallahu nganhu.

Duk Raja Lahut hameng ngameng lulumban ning saganten

haningali hebung Petung ka- **(h. 15)** lintang hageng kambang hing saganten kabakta hing ngarus, nunten kasusullan bahit sareng pedhek kapendhet kahinggahaken ning langit dupi den tingali hing lebette wenten nisinne jabang bayi, nunten kapundhut rare jaler kang hing salebeting bung-(bung). Raja Lahut kalintang bunga mannahe, re tan duwe putra, nunten binakta hantuk hing nagari, lami-lami hageng tur sahe kang warni, nunten kapaparabben Ratu Bagus Pase. Nunten kang rama hangandika: "He hanak isun, hisun niku terahe saking Seh Aabudal Kadir Jahelanni kang dadi Ratu ning aholiya, kang sinare hing nagara Bagdad, lan ki hanak lungaha hing nagara Pakungwati, hundangen sanakk isun putranne Sultan Bagdad lilima kehe, lanang papat wadon siji, lunganne sing Bagdad katundhung dening kang ramma, sabab hanerang hing papacuhe ramanne, putra kang panenga dupi kang papat beli mulu katundhung milunne lunga saking hemanne wong sasadulur, nanging hibunne hasal sing Dhapul hembuka putra hembu kasadulur dening nakoda Dhampu Hawang Pakungdya, yen katemu haturanna hingsun kangen, lan nanggawa-gawa prajurit sanga, bok kanna bala ya hing dadalan. Yen hanakk isun wis teka hing Jawa, sahanak-sanak hingsun maning haran Sayid Sekh (H)idayattulla(h) putra- **(h. 16)** ne Raja Hutara kang hangre hing nagara Banissrahil sahiki dadi waliyulla(h) bari hangratu nagara Mangkaradya hiku ronana mung samono wewekasse si rama, cis hage hanak kisun lungaha."

Nuli rali Ratu Bagus Pase ngunjungi kang rama, nuli lunta hing pasisir niti bahita hambakta Kepeng Karta Mengraga, Pedhang Ki Jimat, Dhuhung Kahi Naga Dawa. Dupi para Panglima kang sasanga jenengngane Henca Dhatuk Brangsong, Henca Jumangat, Henca Saptu, Henca Hakhad, Henca Senen, Henca Salasa, Henca Rebo, Henca Kemis kang sanunggal Supe westanne kang nerat, sareng sampun pepek king badhama, lunta palayare sareng sampun silep dharattan. Ratu Bagus Pase kang ngera pethak miyos saking kurung haningali hing toya sagaranten kali remene ningngali hing deressing ngarus, dangu dangu haningali harus muser nutwuntat bahita, sareng kapandeng yen wonten dhuhung hingkang hangleressi toya kang muser. Nunten kajuput sareng kenging katingali yen saged bari memedossi warnine, halangkung bunga mannahe, dhuhung punni ka pinaparabban Kahi Haher Mulek.

Sasampun ning punika nuli tenenggal rawu hing Garage, nanging boten hameningngi Ratu Bagu- **(h. 18)** s Pase dhateng Pangeran Pangayunan re sampun sumala rumuhun.

Nunten Ratu Bagus (Pase) medhek hing Kangjeng Sinuhun hanedya guguru helmu dakhik, sareng kapanggi nunten hing ngulukkan salam sarta sasalamman dangu ning lilinggiyan hanutur hing sajarahe lan salampa lampahe kesahe sing nagarinne, dala hebung punnika henggi katur hing Kang jeng Sinuhun, Kangjeng Ratu Bagus Pase lan sarencanghe sami hasoba-soba kalangkung kahupami dupi para prajurit kapondhokaken hing pamalajengan.

Kangjeng Ratu Bagus Pase kang ngerahe pethak kapupu mantu dening Kangjeng Sinuhun Pakungdya pinanggihaken lan Ratu Hayu, hapuputra sakawan; kang pambajeng Ratu Raja Wanawati, pangulu Panageran Pekik, bagus warnane, panenga Ratu Raja Gung, kang panendhi Ratu Salu Wetan, kang hakrama lan Pangeran Kumendhung Jaya kang ngaler Jaketra. Ratu Raja Gung hakrama lan Sultan Demak wasta Pangerann Ariya Mas Ruju.

Yahiku kang hangukum kang raka Kangjeng Pangeran Dipati Demak, dure murang sara haji nalana putrane sun caritakkaken Pangerann Ariya Mas Juru, duk medhek maring gurune haran Sunnan Giri, pangandikanne: "He hanak kisun, bok sira hora weru nagara nira hiku sa- **(h. 18)** hiki cemur, sababbe rakanira Pangeran Dipati jinala putrane, ramanira sultan huninga hing tingkahe putrane, nanging hora karsaha (ma)klumi saking sanget kinasihanne, re kinadhang gadhang gentenni hing lungguhe piyambekke, tur ta wis pinasti dening Alla(h) nagara Demak horra hana kang dadi sultan maning, maksi rama nira hora nganggo sahujaring sara, dadi kalebu hing lalim, yen hanak kingsun hemaning batin maring raka nira lan maring ramanne, becik hukumen yen sira heman kaldunla (?) ya haja dihukum."

Pangeran Mas Juru keweddan manahe hajeng boten kumaksanne re parlu timbalaning guru, hajeng lumaksanna sanget wedos hing manna. Sultan Giri ngandika: "Hapa sira wedi hing bebendunne ramanira lan sira bok kinisas maning hing ngaheratte, dur(p)e matenning wong hisun kang nanggung hing sira yen kenna hing doraka hiya sote wong matenni wong hiku gede siksanne, yen dudu sakukumme. Dupi hikita

ya wis pakukumme, sabab wong jinna hiku sadurungnge tobat wajib kinukum rajam, hatawa jinilid. Wis gage nakisun lungaha sareng tenga sipeng Pangeran Juru medhekking kang raka Pangeran Dipati kapanggi kang raka tebeng gugulingan kahanglu lesu kang sarira."

Kandikanne **(h. 19)** kang raka, "Rayi bageya lan kadingaren temen rayi sasanjan wis dudu wayahe, pantess anna gawene rayi kang gati, ya hage tuturen hing si kakang."

Ngature Pangeran Juru: "Kahula nuhun raka, lampa kahula medhek kapotus dening guru jeng andika Sunan Giri, kahula katimballan nangukum sampeyan rayi kamurang sara, hambri raka salamet hing ngakheratte."

Pangeran Dipati kendel sapandurat sareng ngandika: "Rayi ya sukur, sumadi hisun dihukum dening wong liyan, banget hing merangnge. Mung panjalukk isun ming rayi, yenn isun mati mung titip si kacung hemongngen, lann aja rayi kang dadi Ratu mugiya hanakke rayi gentekkenna hing lilinggiye heyangnge, lan naturenna sembah isun maring rama, ming guru nisun Sunan Giri, lan salamm isun maring sakehing sadulur miwa hing rayat rayat, lan maring bala bala kabe. Sun jaluk pangapuranne kabe, lara dihage mungpung dinanne becik."

Nunten Pangeran Juru ngunjungi bari lara karunanne sareng sampun, nuntenna ngunus dhuhung ginoco rarane kang raka bari merem, nunten nangemassi Pangeran Dipati, samono je hing car(i)tanne.

Pangerann Ariya Mas hing Juru krama lan kang putra ratu Bagus Pase, wasta Ratu Raja Gung, puputra histri wasta Ratu Kancanna, nunten wonten tiyang sabrang hangajawi wasta Ki Dhatu- **(h. 20)** k Mir, putune Ki Mukhamad Bakir, Raja Hutara saderekke Ki Mukhammad Banir kang nem bonten karsa dados ratu. Mila Raja Hutara kang hanggentosssi lungguhe Kang Heyang Sultan Banissrahil. Ratu Raja Gung Sumala Pangeran Juru mantukking wetan kaputra katitippaken dhateng Panembahan Ratu sareng Ki Dhatuk Mir rawuha ngajawi kalangkung ngalimme, nunten pianggihaken lan Ratu Kancana.

Ki Dhatuk Mir kajenengngaken Pangeran Kamiran, puputra satunggil histri, supe paparabb wonten tiyang dhusun Luragung Pagebangan hanyantri hing Pangeran, Ki Santri langkung wekel bari mindhak piyambek hing warnine lan mandhi kapangahosse hing

kapintarranne saking rencang rencangnge, nunten Ki Santri pinupu matu katingkahaken lan kang putra Pangeran Kamiran, lami lami Ki Santri puputra jaler kajujulukkan dening kang Heyang wasta Raden Mir, Ki Raden Mir punnika Kiyahinne Raden Mir kang sepu bari wareng bari hampeg.

Ratu Bagus Pase putra kang panenggek wasta Pangeran Pekik, sareng sepu kapaparabban Pangeran Gedhe, hakrama lan kang putra Pangeran Sabakingkin hing Banten, hapuputra gangsal; kang sepu Ratu Pambayun, panenggek Ratu Nagara Gung, nunten Pangeran Samade, nunten Pangeran Sabrang Wetan kang seda hing Garudha, nu- **(h. 21)** ten wuruju wasta Ratu Raja Dewi.

Pangeran Gede sareng kamratuwa dening Panembahan Ratu, kajenengaken wasta Pangeran Ariya Carbon. Pangeran Pamade krama Ratu Kagaluwan putrane Pangeran Suryanagari. Puputra kakali, kang sepu(h) wasta Ratu Dipati hibune Panembahan kang sinare hing Girilaya, kang hanem wasta Pangeran Cigobang putrane Pangeran Pamade sing Hampiyan (?) kakali, kang sepu(h) Ratu Tanujaya kang nem Pangeran Martajaya. Pangeran Sabrang Wetan kang seda hing Made Garuda garwane kang puputra gangsal jaler ken tapa, kang sepu(h) Kangjeng Pangeran Wanamanggala, Pangeran Kusuma Waningyun sakalihe dados mantune Panembahan Ratu. Kang panenga Pangeran Martasari, wuragil Raden Panwan, wuruju Raden Kagok.

Ratu Raja Dewi hakrama lan Pangeran Sedangrana wong hagung Banten sareng hamengngameng cacangkraman lan kang wargi miwa lan kang hipe hipe sadaya, Kangjeng Pangeran Sedangrana nembe huningnga dateng kang hipe wasta Ratu Nagaragung saking sahe warnane Pangeran Remen sareng palesta hameng-hameng nunten mantuk hing nagari sareng rawu(h) hing kadhaton Ratu Raja Dewi Kapasa, nunten katuraken hingkang rama Pangeran Ariya Gedhe kalang- **(h. 22)** kung hing cuwane manahe rara kang putra Kapasa sareng sipeng Kangjeng Pangeranne ngaturi serat dateng Pangeran Ariya Gedhe hing hungelle yen angarsakaken kang putra mali kang wasta Ratu Nagaragung Kangjeng Pangeran Ariya Carbon mangsuli serat mali, nunten kawahos maning Pangeran Mukhammad kaseda hing rana dupi hungelle prakara hanak ingsun hareppaken hing ngipene

den tukuha sapira bahe. Sira ma hora nuruti sapepengenne yen nuga dhuhung Ki Naga, ka kanggo tukon hiya sira mangaturaken Kangjeng Pangeran Mukhammad saking kapatihing reremenne dhateng kang hipe Ratu Nagaragung, kapalayu tinilar dening pusakane. Nunten dhuhung Kaki Naga katuraken hing Pangeran Gedhe, nunten ning kang Pangeran Mukhammad lan Ratu Nagaragung Dya Hayu kakung bagus hasmanesi lir wintuna hing hupaminne saking tan wonten benggange, rahinten sipengnge, Pangeran Gedhe sampun tan wawambeng mannahe gani para putrane, nunten mantuk ing Garage.

Sun caritakaken ya Pangeran Mukhammad mulanne den arani Pangeran Sedang Rana, duk yuswa samene 16 (tahun), dadi raja bareng kang yuswa holi sahiki 35 (tahun), sumeren Pangeran Sedang Kanayan, putune Ki Haryadamar kang marenta hanna **(h. 23)** Palembang katalukaken dening Pangeran Mukhammad, lan lajeng hantuk nunten kaluruggan Pangeran Sedang Kanayan sampun cawis saparaboting ngapancas. Sareng tiyang Banten dhateng nunten kapetuk mala, pancas hing lanut Palembang, tembak-tinembakan wonten kang kasor(an).

Lamining-lami kapalajeng tiyang Palembang, hakungsi daratan pan tinutan ta dening tiyang Banten, rame mali henggene tangled. Nunten Pangeran Sedang Kanayan Minang sraya hing raja Hiskandar kang marenta hana Minangkabo saderenge dateng srayane ngekabedhag resak balanne, nunten nyungkul Pangeran Sedang Kanayan rumahos kawonangi sayaktose hing panungkulle hara(h) hanggelar lan ara(h) hanglebetaken sandi hupaya kang kapambri mali darapona Pangeran Mukhammad tumedhaka hing dharat, nanging Pangeran tan karsa tumedhak, re tiyang Palembang dhereng yektos hing kawone. Pangeran Kanayan hanhgaturi sugu sarta su(gu) dhunya dhateng para pamuk Banten kang hing dharat, nanging tan dinahar hing susuguhe, nembe toyane kang dinahar, saking sanget katoran sareng dahar toya sugri kang dahar sami supek kados tiyang mabok, nunten tiyang Minangkabo dhateng la ni kuwen tiyang Banten resak sami kabyok **(h. 24)** dening tiyang Palembang lan Minaangkabo, nunten katur hing Kangjeng Pangeran yen kang bala resak hadahar toya purwane. Pangandikane Kangjaneg Pangeran, la si hapa saking takdirulla(h) lan sugri kang dadi ratu hing Palembang hiku padha comong rarahine lan hanak putu nisun

pacuwan hinum banyu nganggowa wada(h) kendhi Palembang.

Nunten Pangeran Kanayan ka(ng) motus hing prajuri Bangka kinon nyahur lampahe yen kapanggi kinon nyidra duta kang hing ngutus kesa mesa sipeng hangilari panggenane Pangeran Mukhammad tan kapanggi danguning pangilaran nunten manggi wonten tiyang jaler sanunggal tebeng ta salat hing luhur kurung (?), boten kanyanna yen punika Pangeran Mukhammad, nunten kasanjatalan tinggar nyari mantuk, nunten pangeran seda 1588 / 1051 (?), mila kapaparaban Pangeran Sedang Rana. Ratu Nagaragung sasumalahe kang raka Pangeran Sedang Rana, nunten mantuk hing Garage lami-lami kapanggihaken lan kang putra Kangjeng Panembahan Ratu kang pambajeng wasta Pangeran Sedang Balimbing boten kagungan putra.

Ratu Raja Dewi nunten kapangihaken lan kang putra Panembahan Ratu Putra sing Hampiyan paparab Pangeran Ariya Kidul, hapuputra kakali; Pangeran Santri, Ratu Wulung Ayu kang kegarwa dening Kangjeng Sultan Gusti puputra kakali; kang sepu(h) Pangeran Dipati Raja Kusumma, kang nem Ratu Raja Kendra **(h. 25)** Pangeran Santri sareng karama sumeren hing hanggentosi lulungguhe ramanne hamarenta sa Kariyan Kidul, kagungan caca rongatus Madana hing Kartasura kang paparaban Pangeran Wurya yahiku kang sinare hing Wanacala, kang pangandika sakehe hanak putu nisun yen mati hora pinendhem hing kene hiku dudu tere(?) hisun, sareng Pangeran Ariya Gedhe sumala nunten dhuhung K(y)ahi Naga, kapundut dening Ratu Pambayun kang garwa Panembahan Ratu. Pangeran Pamade boten suka kang pangandika, he raka Ratu, kula kang duwe warising kula putra lanang kang tuwa. Hing wangsullane kang raka, hingsung kang duwe sawiji tuwa, kapingdo hangre nagara, wis layakke laki nisun kang nyungkelanga keris K(y)ahi Naga. Nunten Pnageran Pamade halit kang mana(h) purike saking Gebang.

Kang putra jaler wasta Pangeran Cigobang gi tumut pindha hing Gebang. Pangeran Cigobang kang sinare hing Astana kempel hing Praja Gebang. Puputra kakali; kang sepu(h) Ratu Ariya Sutajaya; kang nem wasta Pangeran Hagyana Pura. Kangjeng Panembahan Ratu kang sinare hing Girilaya puputra (th. 1584 M) histri sadasa, kang jaler wowolu, paparabbe Ratu Demang, Ratu Lor, Ratu Hajeng hadadalem

hing Karanggetas. Ratu **(h. 26)** Toya Marta, Ratu Marta Reja kang krama wong Talaga, Ratu Winahon, Ratu Bahar, Ratu Patya Tanda, Ratu Petis, Ratu Ayu Rayi, Sultan Sepu(h) Samsiddin, Sultan Kommarudin, Panembahan Dipati Topati, Pangeran Nataningrat, Pangeran Jayanagara, Pangeran Durajaya, Pangeran Kusumajaya, Pangeran Natadireja, kang dadalem hing Tarurasmi (Trusmi?) kasebute dening agata (agama?) katela Pangeran Aria Teteg.

Kangjeng Sultan Sepu(h) puputra 9 (sanga); Sultan Dipati, Pangeran Ariya Carbon, Pangeran Tumenggung Suradiradya, Pangeran Mangnatasurya, Pangeran Suryanata, Pangeran Jayawikarta, Pangeran Suryadiningrat, Ratu Raja (A)yu, Ratu Mendang, Sultan Sepu(h) Jamaiddin puputra Pangeran Dipati Hanom Raja Ningrat. Pangeran Tumenggung Jayawikarta, Pangeran Natareja, Ratu Raja Hinten, Pangeran Raja Sabrang. Kangjeng Sultan Sepu Tajulngaripin Mukhammad Jahenudin putrane sahuningane kang nerat kentas meng sapunika 12; Ratu Sultan Anom Jomanten, Ratu Raja Hajeng Kapanembahan, Ratu Raja Dewi, Pangeran Dipati Hanom, Sultan Sepu(h) Raja Sena, Pangeran Ariya Kidul, Pangeran Ariya Reja, Pangeran Ariya Natareja mali, Pangeran Aria Wetan Mukhammad Jami, Pangeran Aria Panenga, Pangeran Ariya Tumenggung Wijayaningrat. Kangjeng Sultan Sepu(h) Raja Sena putrane me- **(h. 27)** heng sapunika 13 (telulas), kang putra Ratu Sultan Waragang, Ratu Raja Kartanadhi, Ratu Raja Hadiningrat, Ratu Raja Wanawati, Ratu Raja (A)nom, kang saking Hampiyan Pangeran Ariya Lor. Sultan Matangaji hibune wong Pakendhen haran Ratu Kidul nuli Sultan Muda hibune ya wong Pakendhen haraning Ratu Turi nuli Pangeran Ariya Lorpalet, Ratu Raja Hambetkasi(h), Pangeran Ariya Kidul, Pangeran Ariya Wetan, Pangeran Ariya Kulon.

Sultan Sepu(h) Samsiddin puputra Pangeran Ariya Carbon kang hibu hasal saking Kanarahitan kang sederek hing Hadiwinata. Pangeran Ariya Carebon hapuputra saking padmi kentas sapunika 15 (limalas); Ratu Sultana Sepu(h) Kusumareja kang hibu Ratu Manten, nunten Ratu Wuruju krama wong Talaga, nunten Ratu Remis krama hing Talaga, Sultan Carbon Martawijaya, Ratu Riya Suryanaga, Ratu Sultan Sepu(h) Raja Mesja, Pangeran Suryadireja, Sultan Adiwijaya,

Ratu Kusumuadiningrat, Pangeran Wijayaningrat Balangkas, Pangeran Kartawijaya, Raden Jalaludin, Raden Kerang. Sultan Carbon Martawijaya krama tiyang Luwung wasta Ratu Sultana Arem puputra satunggil wasta Ratu Raja Wulung Ayu, krama lan Pangeran Dipati Hanom puputra **(h. 28)** Ratu Raja Dina Hinesi Sunyataradya, kang henem Pangeran Rajaningrat putra sing Hampiyan Pangeran Raja Sunu.

Kangjeng Sultan Martawijaya, garwane sepu(h) putrane kang huwa Kangjeng Sultan Jamaludin kang katela Ratu Sultan Carbon Martawijaya, nanging wonten puputra.

Kangjeng Sultan Carbon Adiwijaya puputra 5; Ratu Raja Sultan Sepu(h) jujuluke Lawaragang Ratu Haryanatreja, Ratu Sultan Carebon, Ratu Sultan Ambon, Ratu Hurangwijayareja.

Sultan Anom Mukhammad Kamarudin hibune kang putra Hadipati Hukur Kangjeng Sultan Gusti puputra 24; Ratu Ariya Lor, Ratu Haryakulon, Ratu Harya Kidul, Ratu Hanggur, Ratu Kirana, Ratu Hampelem, Ratu Kilungsu, Ratu Haryawetan, Ratu Haryapanenga, Ratu Raja Kancana, Ratu Raja Gedong, Ratu Panggung, Ratu Raja Kendra, Ratu Masnajiya, Ratu Masrara, Sultan Carbon Pangeran Pekik, Pangeran Putra, Pangeran Bagus, Pangeran Wuwet, Pangeran Kusuma(wa) ningyun, Pangeran Dipati Kadahaton, Pangeran Dipati Madenda, Pangeran Dipati Raja Kusumma, Pangeran Dipati Pringgabaya, Pangeran Dipati Rawamanggala, Pangeran Dipati Kaprabon, Pangeran Harayana, Pangeran Partawijaya, Pangeran Dipati Raja Putra **(h. 29)** Pangeran Dipati Hawangga, Pangeran Kawista, Pangeran Amad. Kangjeng Sultan Carbon Badriddin hibune putune Ki Tandhamuhi kang wignya hing kuda, Sultan Carebon Badriddin puputra 10; Ratu Dipati krama Sultan Sepu(h) Jahenuddin tan puputra, nunten Pangeran Ratu Ratu Surawijaya, Pangeran Gusti, Pangeran Wisnu, Pangeran Kasna, Ratu Martasari, Ratu Nataningrat, Ratu Bonggol, Pangeran Umar.

Pangeran Ratu Jumeneng Sultan Anom Ngalimuddin kang hibu gi(h) Ratu Sultan putrane Raden Demang Dipanagara tedak hukur hadadalem hing Kahilon.

Sultan Anom puputra 4, kang sepu(h) Sultan Anom Mukhammad Khaheruddin, panggulu Pangeran Beruk, panenga Pangeran Werak, nunten Ratu Raja Nem. Sultan Anom hibune hasal saking Kuningan.

Katela Ratu Dipati putrane Sultan Anom Abu Kaher Mukhammad Khaheruddin kang gesang kentas sahuning(e) kahula meheng sapunika 27; kang pambajeng Ratu Raja Carbon jujuluke Sunti Patutan saking Ratu Sultan Anom Siti Patima, jujuluk Sekh. Nunten Ratu Raja Karaton jujuluke ‘rujak patutan’ sing Nyi Ratu Puri wong gunung sadanten, nuli Pangeran Dipati Carebon jujuluk (h)arus ‘patutan’ **(h. 30)** hing Kalihandul kajenengaken Ratu Sultan Hudeja, nunten Ratu Raja Juwita jujuluk ‘handul’ sahibu lan Pangeran Dipati, nunten Pangeran Raja Pangiwa jujuluk ‘bakikuk’ patutan saking Nyi Candrawati Panjalu nanging tan (a)na puputra. Nuli Ratu Raja Mangkaradya, jujuluk Satang. Patutan saking Nyi Renggawati, wong raja desa. Nuli Pangeran Raja Kanoman, jujuluk Dhulag patutan saking Ratu Sultan Gusti. Nuli Pangeran Raja Kabupaten, jujuluk Nagu patutan saking Ratu Hajmiya, asal Tangkil. Nuli Ratu Raja siwi, jujuluk Guntang patutan saking Nyi Kadyakumuda, Gunung Cilimus.

Nuli Ratu Raja Kanoman jujuluk Cayung. Patutan saking Nyi Ratnaresmi. Wong Kawali, nuli Ratu Raja Hambetasi, jujuluk Kisut. Patutan saking Nyi Hasmarapuri wong Gegesik. Nuli Pangeran Raja Putra, jujuluk Makhmud. Patutan saking Raden Turidaresmi wong Gegesik. Nuli Pangeran Raja Anom jujuluke Bunen. Patutan saking Raden Turidaningrum wong Kali Tenga. Nuli Pangeran Raja Pantara, jujuluk Gebog patutan saking Nyai Hadyasri wong Kawali. Nuli Pangeran Raja Kusuma, jujuluk Khasan. Patutan sing Gegesik, saibulan Ratu Hambetkasi. Nuli Ratu Raja Putri, jujuluke Sahung. Patutan saking Nyai Handayaresmi, Gunung Cilimus. Nuli Ratu Raja Tisaya, **(h. 31)** jujulukke ratu, saibu lawan Pangeran Kabupaten. Nuli Pangeran Raja Subita, jujuluk Walungan. Saibu lan Pangeran Raja Putra, nuli Pangeran Raja Kasatriyan jujuluk Tambul tana puputra. Patutan sing Nyi Hadyaresmi, hasal Panjalu. Nuli Pangeran Raja Paguntur, jujuluk Tunggangan. Saibu lan Ratu Calung, nuli Ratu Raja Kaputran jujuluk pedhut patutan saking Raden Kanyaresmi, hasal sing Pagagan.

Nuli Pangeran Raja Mandura, jujuluk Habung, saibu lan Pangeran Raja Nom. Nuli Ratu Raja Dalem Pura, jujuluk Beti, gi sahibu mali. Nuli Pangeran Raja Susila, jujuluk Tikungan, patutan saking Raden Pustikaningrum. Hasal dhusun Pangaben tana Puputra.

Nuli Ratu Raja Salima, jujuluk Wahan. Sahibu lan Pangeran Raja Sobita. Nuli Pangeran Raja Ragawa, jujuluk Pelat, sahibu lan Pangeran Mandura. Nuli Ratu Raja Garage, jujuluk epang. Patutan saking Nyi Rarasingrum. Nuli Pangeran Sangkana sumeren maksih timur. Patut-an saking Nyi Hadiningsi. Kangjeng Panembahan Dipati Topati sahibu lan Sultan Gusti, puputra sapunika Ratu Sultan Sepu Purayasa, Ratu Tumenggung Suradiradya, Ratu Suryadiningrat, Ratu Tumenggung Jayawikarta, Ratu Hariya Suryadireja, Ratu Sayid Samsudin **(h. 32)** Turunu. Panembahan Dipati Carbon, kang hibu hasal saking dhusun Timbang.

Panembahan karma lan putra Kangjeng Pangeran Suryadiningrat saking Ampiyan hapuputra. Meng sanunggil wasta Jeng Panembahan Mas Carbon. Nunten nakrama, lan kang putra Sultan Sepu Bulus. Awasta Ratu Raja Ajeng, apuputra kakali. Kang sepu Pangeran Raja dipati, kang anom Ratu Sayid Harya. Panembahan Losari, kang putra Pangeran Pasareyan kang panenga. Hibune ya Ratu Maswa, hana kapetengane Kangjeng Sinuhun.

Kang haran Ki Manjangan Gumaringsi, humahe hika Palimanan. Ya hiku kang hing ngutus hambedha Kuningan. Ki Manjangan Gumaringsing puputra kang haran Ki Tumenggung Kebogadhung borob-borob. Yahiku kang mongmong maring Panembahan dala binapa-bapa. Panembahan puputra ;Ratu Sulambitan, Pangeran Narya, Pangeran Panenggek, Pangeran Dipati Loasri. Pangeran Dipati puputra; Pangeran Tanujaya, Ratumas Suralaya, Ratumas Mandhapa. Puputra Pangeran Waringin, Pangeran puputra Pangeran Gunung Panti. Pangeran puputra Raden Tenga, Raden puputra Ratu Sultan Panenga, jujuluke Raden Sebrog. Ratu Sultan napuputra Ratu Raja Kancana lan Pangeran Dipati Kaprabon.

Pangeran Dipati Nataningrat, kang hibu terehe Pangeran Kajaksan. **(h. 33)** Pangeran Dipati Nataningrat. Kang dadi Senapatine wong Kanoman. Duk Perang Pagulunggung. Pangeran Dipati mangking dhuhung Kahi Sepak. Kang wangkingan Pangeran Losari. Kamandhuwa lan dhuhung Ki Panu Biru. Kang cinepeng wahos Kahi Kakara We-lang. Nuli kadeleng dening musu, yen Pangeran Dipati katon. Anjeneng hing pucuk barishake. Si musu sisiri hatine. Wis hangrasa yen hora kacongga.

Nuli kasusu tekane Kumpeni. Haran Kapitan Karang. Bature Kapitan Bima. Lan Raja Gowa wong Bugis. Bareng teka wong Gulunggung den dril. Nuli burak sabature. Nuli padha den raya duduwene. Pangeran Dipati puputra, kang sepu Raden Nambawang, kang nom Raden Katewel. Puputra Raden Nadi Kusuma. Duk (a)nang Kacarbonan kan nem hibune Padmareja Hambya. Raden Nambawang kapupu mantu dening Kangjeng Sultan Gusti pinanggihaken lan Ratu Raja Kancana. Nuli ginentosaken hing lilinggihe kang rama, jinenengaken Pangeran Nariya Nataningrat, puputra Ratu Cethingtana puputra lan Pangeran Nariya Nataningrat Kusumadiradya. Kang putra sing hampiyan Ratu Sultan Gusti. sahibu Pangeran Raja Kanoman. Putra sing hampiyan mali Pangeran Bratasujatma lan Raden Rayi. Pangeran Dipati Kaprabon, putrane hagung. Kahula serat meheng sapunika.

Putra kang sepu, Kangjeng Pangeran Kusumawaningyun. Hibune Ba- **(h. 34)** badan wasta Nyi Bibi Rara sahibu lan Raden Ratu, nyahine Si Padmanantaja. Nuli Ratu Partawijaya, hibune wong raja desa. Haran Nyi Bibi [Kati]. Kang putra Ratu Kaprabon wasta Raden Jamina. Hibune Bi Thokol, sahibu lan Pangeran Karpawijaya. Nuli Raden Golek hibune wong. Ratu Kusuma putrane Ratumas Rara. Dupi ramane Raden Kusumawijaya hing Gebang, puputrah Pangeran Brataningrat. Putrane Pangeran Kusuma sing hampiyan. Raden Ruken sing Bi Sebrog. Pangeran Kusumajatma. Raden Raden Pase, Raden Keming, sing Nyi Tipis wong Padhanten, Pangeran Karpanantadja, Raden Drasana sing Nyi Bibi wong Ragawacana, Raden Kunir Raden Dhapun. Sing Nyi Salima.

Kangjeng Pangeran Brataningrat Hagagarwa Ratu Raja Carebon, puputra kang gesang kentasa, Kang sepu Ratu Mas Rara. Kang anom Pangeran Tariya, Bratawijaya. Putra sing hampiyan Raden Tanggu-liming, Nyi Turidasmara wong Gunung Wangi. Raden Rungan, Raden Herwana. Sing Nyi Pangudyasmara Wong Gunung Ciguntung pangeran Karpawijaya hakrama Raden Nayu Badhong putrane Raden Wijayakusuma, puputra; kang sepu Pangeran Wijayakusuma, Man Badher, Bi Wader. Putra sing hampiyan Bi Hurang, Man Wuncang.

Habdulmuthalib Raliyallahu nganhu puputra kang sepu Bagendha Ngali Raliyallahu Nganhu, kang nem wasta Raden Sarab

puputrah Raden Nayin. Nuli puputra Raja Mukara, nuli puputra Sek Kapil, nuli puputrah Se[k] Bramana **(h. 35)** Sari. Nuli puputra Se[k] Raja Pandhita. Puputra Pangeran Suryasaba. Puputrah Pangeran Karangkendhal, ya Ki Pati Magelung, kang Cinukur hing Sukalila. Hapuputrah 5; kang sepu Ki Gedhe hing Mulena, Nuli Nyi Pojok, Nyi Karang Campaka, Kahi Sera, wuruju Ki Gusti.

Jenal Ngabidin Raliyalkahu nganhu, hapuputrah Sek Najal, Sek Halpajali, puputrah Sek Haji Tambin, puputra Sek Jumadil Kubra, (kang) hagagarwa lan kang putrah na teng Cempa, kang nem, kang kasuhur hayune. Hapuputrah kang sepu Raja Pandhita, kang nem wasta Raden Rakmat ya Sunan Hampel Denta.

Nunten kinen ninjo kang huwa wasta Dewi Hambarawati, kang kagarwa dening Sang Brawijaya kang hakir, kang hangraja hing Mahospahit. Ya hiku hakiring Buda.

Nunten Raja Pandhita lan Sunan Hampel kesa hing Jawi nunten rawuhing nagari Surabanggi, yahiku wiwitane hana wong Selam teka hing Jawa. Sekh Rakmat lunta hing Mahospahit. Sareng rawu kapanggi lan Brawijaya, dupi katakenan. Matur yen kaparnaha penakane kang garwa nunten kapanggi lan kang huwa. Dupi katakenan kang heyang maka pijenenge Raden matur yen sampun seda.

Nunten sang putrid Hambarawati karuna matur maring Sang Brawijaya: "Pun rama sampun sumala lan nikuwen hanak kula titip pinaka wulakaken bari dika parnahaken henggene, bari dika rabekaken."

Wangsulane Sang Brawijaya: "Haja kurang pracaya, hiya sikakang nuruti hing panjaluk **(h. 36)** rayi. Nanging hora sun wehi henggoning kene sabab hiku wong selam. Manawa hanunulari hing hora hesak maring nagara kene harep sun titipaken maring si Dipati Tuban lan sun wehi rabi hana kapetengan nisun haran Si Hariyang Teja duwe hanak wadon bari hesak hing rupane."

Wangsulane sang putrid: "Hinggi raka mangsa bodhowa jengandika nuli Raden Rakmat pinanggihaken lan kang putra Ki Haryang Teja, putra kang sepu. Nuli kabakta dening Ki Dipati Tuban maring nagarine, lami-lami hapuputra Nyi Gedheng Pancuran, Nyi Gedheng Wilis, Nyi Gedeng Maloko, Makhdum Hibrahim ya Sunan Bonang. Masahe mumet, ya Pangeran Kadarajat. Putra sing hampiyan

nama Sek Makdum, ya Pangeran Kalana kang Sinare hing Kaligeper, lan Se Saba, ya Pangeran Sucimana. Kang saparo hangarani sinare hing Kebon Nalas, kang ngistri Ni Gedheng Mandha, Lan Ni Gedheng Piya, hibune wasta Nyi Ngisyahisyin.

Pangeran Kadarajat puputra; kang sepu Ki Haji Nursa, ya Pangeran Lokawali; Ki Samsu sinare hing pasanggrahan jajahan Bandhung; Nyi Kadariya, ya Nyi Wadon Sumekar; kang wuruju Ki Nasardan, ya Pangeran Panggung; kang Nganggit wawahosan Malang Sumirang. Bari hora karsa krama hing sajenenge, sinare hing Tegal.

Ki Haryang Teja dadi kapetengane Sang Brawijaya hing Mahospahit, puputraa ya kang sepu kang dadi garwane susunan Nampel Denta kang hanem wasta Ki Tumeenggung Wilatikta **(h. 37)** Ki Tumenggung Wilatikta puputra. Siji wasta Raden Sahid, yahiku Sunan Nadilangu kang tatapa hing Kali Jaga.

[tidak terbaca]

Nunten sang putrid wewedhe miyos jalu putrane, nuli raja putra binuwang hing ngarungan winadhahan kendhaga kancana. Kocap nakoda Mesir lagi dagang nuli handeleng Kandhaga Kancana kambang, dupi jinuput hahisi jabang bayi. Kaliwat masaka-kenne Ki Nakoda tansa bnecik-becik. Ki Nakoda hangrungu yenana waliyulla hing Hampel Denta. Ki Nakoda medhek hing Sunan Hampel hara kinon hambadhe hingkang kagungan putra sareng rawu pinanggiyan Ki Nakoda. Nuli matur hing lampahe wahu. Kandikane Sunan Hampel: "Hisun milu hanganak-kanak maring hiki lan sun wehi haran Katilaga, Raden Sagara."

Ki Nakoda ngaturaken hing Sunan Nampel sareng hageng lininggihaken ning nagari Garesik, hing dhusun Gagaja, saking halim pangahosse sanget lampahe, katela hing ngakath, winasta **(h. 38)** Susunan Girigaja.

Ki Kuwu Carbon Girang puputra; Kang sepu Nyahi Rara Pakungwati, hujaring carita sawiji ya hiku kang hingaranan kang hibu Kangjeng Sinuhun hujaring carita sijine dudu hiku. Putra kang panenggek Ki Haji Suryasaba, ya Ki Haryang Menger, hiya ramane Pangeran Kajaksan. Wuruju Pangeran Nantrawulan kang sinare hing ngeloring Palakaran.

Bagendha Ngali Raliyallahu nganhu. Hagarwa kang den wasta putri Tambri puputra Se Tambri, puputra Se Habu Sukur, Nuli puputra Se Kures, puputra Se Judin. Puputra Se Kakhim, puputra Se Bari, puputra Se Nurimadin, hapuputra Se Majagung, hapuputra wikan Ki Gedhe, kawin si Nyi Gedhene, kang hapraja hing Sesela Manik.

Ratu Gale [Galuh] kang hapraja hing Bojong Lopang, jajahan hamba nagara Hapuputra 4; kang sepu Hariyang Banga, hingkang saking gundhik Ciyung Wanara, sing hampiyan mali Maraja Sakti, kang saking celeng Dewi Hartati, yahiku kang pinaringan camera haran Si Jegu, hulese Bilangwiyungyang, hasale saking Karang Kolethak, yahiku kang kinaweden dening sato sambawa kabe.

Hariyang Banga jujulukke Raden Tanduran, kesahe sing Pajajaran kampuda dening kang rayi Ciyung Wanara. Nuli kesa hing wetan kandheg hing wanna Mahoslengka. Nuli ningali dhuku meng griya titiga hawasta dheke Wanantara, kang ngenggeni Nyi Rangdha **(h. 39)** Dhadhapan. Nuli Raden Tanduran malebet dhateng Nyi Rangdha, karsa hambujang hangsal kali dalu. Nyahi Rangdha matur kula darbe sadherek wasta Ki Jaborong, sahe geng gene daweg kita purugih, nuli kesa, Ni Rangdha darbe kapenakan saking wangsa sepu wasta Ki Lembu Hampiyan, gi binakta, nuli rawu hing Ki Jaborong dala hingangken putra, Raden Tanduran, sareng hangsal kali sasi. Nuli sami wangun yasa hambabak wana kilen kidulling Balangbangan, kinarya sabin miwa miyara kendhukuhe, Ki Jaborong, Nyi Rangdha, Lembu Hampiyan kapat Raden. Lami-lami saya hagung tiyang prapta, sami hangrencangi babak wana. Duk jaman kali nembe sapunika layan gaga, lami-lami dados nagari winastanan nagari Mahospahit.

Sang Brawijaya hing Majalengka kang hawal ya Sang Hariyang Banga puputra Ki Gedhe Mantalarasa, nuli puputra Kahi Gedheng Mesir, nuli puputra Sang Brawijaya kang hakir ramane Ki Harya Damar, ramane Dewi Langening Pura, Papatihe Ki Gaja Mada.

Kacarita Sang Brawijaya duk kanganglu rajasinga tanana tatamba kang manpangati, nuli sang prabu tapa hanenedha hing dewane, sengganga hing panganglune, hanglekor hing lema, guling hing taritis, habantal bata siji, sareng tenga dalu ana swara tan katingalan, hujare: “He Sang Prabu, yen sira harep waras hing lara nira, hanjamaha wong

wandhan kang kuning hawake."

Hamiharsa sang prabu hing hujaring swara, nuli sang prabu kesa murugihing garwa **(h. 40)** sang putri Cempa, Hambarawati harane, nuli nutur hing tingkahe kang mahu.

Nuli kang garwa matur: "Kula darbe boca paparinge ramma, duk nagari Wandhan kalurugan sareng kawon pancase. Nunten nangaturi putrid kaparingaken ning kula ginin kuwen kang dados kupu simpen kula. Baring kula kasihi dhewek saking wekele. Yen raka karsagi, kula ngaturaken, sok dados kasalametan dika."

Sang Brawijaya mangsuli hing garwane: "Yen rayi terussing manahe welasse hing si kakang, hiya si kakang tarima. Sun jaluk manawa dadi hing warasse si kakang."

Nuli Nyi Wandhan Kuning kanggeh dening Sang Brawijaya sareng sampun Sang Brawijaya walujeng, Ni Wandhan Kuning nyidam. Lami-lami wewedhe miyos jalu kang putra pinaparaban dening sang prabu Ki Bondhan Kajawan. Kapupokaken dhateng Juru Sawa haran Ki Bapa Tani, binaktanan dhuhung pajenenge Pandhawa, sareng ngajengakaken baleg. Saking gumalidigge hasring malebet hing pura hanabu gong Ki Sekar Dalima. Sang prabu kaget dinali wonten mese rawu, hing jawi geger dinali hing pura. Kalebetan musu. Sabab miharsa yen Ki Sekar Dalima mungal hing hubanggine kang rumuhun, yen mungel pusaka kakali punika pratandhane yen hajeng hibur hing praja. Mila para pamuka para bupati sami kumpul prayatna hing ngalun-nalun lan sadadamelme. Dupi pini- **(h. 41)** harsa hing pura tan wonten geger.

Nunten wonten pawestri miyos hambakta babastan. Handunung hing Ki Patih Gaja Mada nimbalaken kang pangandika Sang Brawijaya. "Yen rare punika kang mawi geger puniki hanakke Ki Juru Sawa(h), bari dika hundang pun bapa tani, yen dhateng boca puniki dika ken ambakta hing pawong sanakke Kangjeng Gusti hawasta Ki Gedheng Tarub, kinena mupu hanakan sampun suka hasaba hing nagari mengsa pun kang timbalan sang prabu."

Hature Ki Pati: "Hinggi." Nuli Ki Juru Sawa rawu, sampun kaweweling kados timbalan kang wahu, Ki Juru Sawa kesa binaktanan rencang dening Ki Pati kapetengan kakali sareng teba sing nagari kapetuk lan tiyang bebegal hangadhang margi, nunten tarung wisantene

Sang Bondhan Kajawan. “Sira menenga bahe lan si bapa. Yen nisun durung kataton, naja ge sira rewangi. Mung henna tungguwa si bapa. Masakaken wong tuwa, bok ana sawiji-wiji.”

Nuli Ki Bondhan Kajawan sinempyokan waho katha, nanging tan nedhasi. Si dhuhung kangge nangkis wahos sami resak lalandhepe Sang Kapetengan tan tega manahe, nuli sami ngamuk rampak, kang bebegal hagung kang kanin, nuli sami malajeng.

Sang Bondhan Kajawan nangandika: “Bok hisun duwe turun, pacuwan hanak putu nisun nanganggo keris jeneng Pandhawa **(h. 42)** wissadeng hisun dhewek.” Nuli lunta lampahe Ki Bapa Tani henggal rawuh hing henggenne Ki Gedheng Tarub. Nunten rawu Ki Gedhe hingacantennan linggi Ki Bapa Tani, sareng sampun nalinggi. Nuntenna nimballaken kang pangandika Sang Brawijaya hing Mahospahit. Hature Ki Gedhe: “Hinggi sumangga hing timbalane sang prabu lan Ki Hadhi kang henggal mantuk sampun sala wengweng hing margi kados tanna meningi Ki Hadhi hing gempuring Mahospahit.”

Nuli Ki Juru Sawa lan sabature sareng miharsa hing wicantene Ki Gedhe tan (a)na tataken hing purwane kang hangresak nagari, henggal lamit mantuk sarencange hagagancangan ning lampahe kapengen nameningi hing pancassing praja Mahospahit.

Kahi Gedheng Tarub gadha putra histri, sahe warnine, hibune jin niperi. Lami-lami sampun sami hagenge, nunten kapanggihaken kajujulukan Ki Lembu Peteng. Nunten Ki Gedheng Tarub sumala. Ki Bondhan Kajawan kasuhur hing harane dening wong hake katela.

Ki Lembu Peteng hing Tarub, hapuputra 2; kang sepu Ki Gedheng Gegetas Pandhawa, kang hanem Nyi Gedheng Ngerang. Ki Gedheng Gegetas puputra histri 7; Nyi Gedhe hing Pakis, Nyi Gedhe hing Purna, Ni Gedhe hing Kare. Nyi Gedhe hing Wangsul, Nyi Gedhe hing Bangkong, Nyi Gedhe Hadibaya. Kang putra pambarep jalu wasta Kahi Gedheng Sari. Kang hapraja hing Sesela Manik hangawula **(h. 43)** hing Sultan Demak.

Lagi Ki Gedhe hasasawa. Mamacul dhewek. Hambeneri hudan nricik-ricik nuli hana gelap. Jumedhed hunine. Ki Gedhe kaget bareng dineleng hana wong ngadeg hing ngareppe. Memedeni rupane, nuli sinikep suwe-suwene gullet, nuli kacekel wong hiku, dupi hujare: “Wis

hisun kala huculena bahe, bok hisun kawenangan ning liyanning siraa, hiya hisun gelap kang muni wahu ika."

Wangsulane Ki Gedheng: "Jing sira ngaget-tageti. Naru ming wong nambut gawe, ya sira sun taleni lan sira ngaku yen gelap. Ya sukur pisan arep sun naturaken hing gusti nisun hambriya dadi tongtonan hing wong sanagara Demak."

Nuli ginawa muli bari binanda, tekang huma wis bengi. Nuli cinancang hing bale bareng Ki Gedhe manjing huma. Harep tutur maring rabine. Nuli gelap hiku muni maning jumedher habane. Bareng dineleng kang cinancang wis horanana, ning paseban wis burak. La hing kono kasuhur, hing rosane Ki Gedhe Sesela, dening holi gelap.

Nuli puputra wuruju Ki Gedheng Henis, kang ngapraja hing Lawiyan, putrane histri sapunika 6; kang tuwa Nyai Gedhe hing luluwung tenga, Ni Gedheng Saba, Ni gedheng Basri, Ni Gedheng Jati, Ni Gedheng Patanen, Ni Gedheng Pakis Sandul.

Ki Gedheng Henis kang hapraja hing Lawiyan puputra Jalu sanunggil wasta Ki Pamanahan kang hadadalem hing Matahok hingaken sodara wedi de- **(h. 44)** ning Sultan Pajang re tunggil sapaguron, Nyai Gedhe hing Saba puputra kang sepu, Ki Juru Martani, kang hanom dadi garwane Ki Pamanahan Nyahi Gedheng Ngerang puputra hemboke Gedheng Pathi.

Kahi Gedheng puputra Ki Panjawi, nuli hing ngaku hanak Ki Panjawi dening Ki Gedheng Lawiyan sinaduluraken lan Ki Pamanahan, rageme wong sasadulur. Wong tetelu hiku tan kenging pisa hing salaku-lakune Ki Pamanahan, Ki Panjawi, Ki Jurumartani.

Ki Pamanahan puputra Raden Ngabehi Sutawijaya pinutra putra Raden Ngabehi dening Sultan Pajang winuruk hing ngelmu Sara muwa helmu Supi dening Sunan Kali, duk Sunan Kali hambubur nuli winadhahan Pajang. Nuli ngumpulaken sakehing santri, nuli si bubur den wuwuri kekerikan, sampeyane Sunan Kali, nuli sami kinon nedha. Sakehing santri-santri sami tan lajeng re tan sudi, nuli Raden Ngabehi nedha bubur kongsi me telas watawis kantun sasudhu nunten muleg.

Sunan Kali ngandika: "Kari sadhidhik bokapa hentongena. Dupi hature, yen kula telasena, kados yen kula muta." Kandikane Sunan: "Wis pinasthi tana Jawa hiki kaparentha kabe dening hanak putu nira.

Mung nagari saje[ng]kang hora kaparenta. Sunarani sira Si Surubud kala hana Bantheng Wulung hangandhang dalan kongsi mati dadalan saking Tanana kang liwat, saking si bantheng tan mempan ning bedhil lan tumbak."

Nuli katur hing Sultan Pajang duk sultan sinowan hing siting- **(h. 45)** gil, nuli Ki Surubud kang jiniyad hangembari Bantheng Wulung. Raden Ngabehi kesa lan kang nguwa wasta Ki Jurumartani, yahiku kang dadi pamongmong sareng rawuhing ngenggening handaka. Sang handaka hamburu karagenna manggi jalma sareng pedhek bantheng hara nuju Cinepeng singate, rosining bantheng lan rosining kang nyepeng kongsi poka singate kalihe, nuli tinepak mastakane handaka kongsi konjemming siti.

Nunten tinuwek bantheng peja sareng katingali tugel paskine dhuhunge, nunten nangandika dating hingkang huwa hing hanak putu nisun pacuwan hanganggo keris malela, nunten nenggal mantuk sareng rawu, sultan maksi sineba hing sitinggil, nunten matur hing salampa-lampahe, nunten Kangjeng Sultan hanglolos dhuhungnge kang winangking.

Kandikane Sultan: "Hiki hupahe si bapa, yahiku kang haran Ki Gaja Hindra, pusakakene hastene Ki Jaka Sura, Jenenge Sangkelat, Sunan Bonang kang kongkon gawe."

Nuli tinampen dhuhung dening Raden Ngabehi, mulane haran Senapati duk mateni Harya Panangsang, ya kang hapraja hing Jipang. Sagempure nagara Pajang, Raden Ngabehi kang hanger Jawa kasebut hing ngakatha, katelah Senapati hing Mataram Habdulrakhman Panatagama, nuli Puputra Raden Rengga kang kasub tegu rosane, bareng sepu jinenengaken Pangeran Kasedhahing Karapyak, hapuputra Pangeran Kasedahing Kajenar, kawentar yen **(h. 46)** prajurit tananah tumandhinga. Hapuputra Sultan Matawis kang halim ming hagama, puputra Halus kang Kereng kang sinare hing Tegil Harum.

Nuli puputra roro; kang sepu Pangeran Dipati Mangkurat kang hanem Pangeran Kapugeran, sapanglurak Matawis dening Pangeran ning Sampang, lan Sang Tarunajaya sapangarepe putra hing santenan. Karone hiku hing wawanine sangajane Pangeran Dipati Mangkurat. Sawise sagempur praja Matawis, Pangeran Dipati kang jumeneng dadi

Susunan hing Kartasura, jinenengaken dening Hambral Kapitan Kapal. Duk dagang hing lerungan kidul katemune lan Pangeran Dipati bareng wis hangratu hing Kartasura.

Noli Hambral pinaringan bumi hing Japara kang ginawe bentheng, yahiku wiwitane hana Kumpeni hing wetan. Susunan paputra Pangeran Dipati Hanom. Sareng Susunan sumala Pangeran Dipati Kapugeran milang hing Jendral Batawiya kinon Kumpeni hambuwang kang kapenakan, piyambekke mundhut jumeneng dadi Susunan. Kumpeni pinaringan Prayangan caca wolung ngewu kang ngamadhanani sakehing Prayangan. Pangeran Suryawilaga kang hanger praja Sumedhang, nuli Pangeran Dipati Hanom binuwang hing Selong dening Kumpeni.

Nuli Pangeran Dipati Kapugeran lunta jumeneng sarta rempag lan bala-balane kang kawentar hing ngakatha. Paparabe kabela Susunan Senapati Hingngalaga Mangkubuwana. Nuli puputra Susunan Prabu Jaka. Nuli puputra kang sepu kang nama Pangeran Paku Nagara mangke wasta Pangeran Prawadana, **(h. 47)** kang panggulu Susunan Nata kang sedha hing Langkungan kang kendhang hing Sampang. Duk nagari dibedha dening Sunan Kuning, yahiku terehe Pangeran Dipati kang linuwang hing Selong putrane Pangeran Prabalingga, Pangeran Kartasana, Pangeran Purobaya, ya Pangeran Luwiseheng kang hanang desa Sindhangkasi Pakungdya.

Sunan Kuning lagi hambeda Kartasura hakahit Cina haran Kapitan Panjang, pamuke haram Samukkalu lan Sabuk Tampar. Lagi Sunan Prabu hangratu hiku hambedha Kumpenni, kang hanang Prajane Kartasura. Sawisse Kumpenni padha den patenni, Nuli nagarane Sunan den lindhi dening Kapitan Panjang, kang den jenengaken dening Si Panjang Sunan Kuning. Bareng holi telung wulan hanna kongkonan sing Kumpenni sing Jaketra, para Kapitan Selam rolas hanjaluk Si Panjang rehiku buron Kumpenni dening Sunan Kuning hora den kukuhi, singgi kupantesse dadine cawenga, Sunan Kuning lan Si Panjang.

Toli Kapitan rolas tarung lan Si Panjang, kacekelle sabuk kayu dening Kapitan Bakman Batawi Cina, Si Panjang hanglarekaken lan sabature, toli para Kapitan muli hanggawa Sabuk Kayu kandheg hing lakune para Kapitan hing Samarang. Tekane sing Kartasura, nuli

Susunan potusan maring Kumpenni Samarang mundhut bantu yen kongsiya dadiya Susunan maning piyam- **(h. 48)** bekke hing Kartasura.

Sakehing nagara pasisir lor kaparingaken maring Jendral Batawiya bari hing Kartasura kinon maceki Kumpenni maning, nuli sinangguppan dening Kumendur Samarang. Nuli para Kapitan sababature lan Kumpenni rong tambur lan para bupati pasisir kahilangaken hing Kartasura bareng teka den barissi.

Hujare para Kapitan: "Heh kang dadi pangareping laku, teka nisun niki, dudu karep hisun dhewek, kapotus dening gustimu Sunan Prabu Jaka, yen sira wani murang hing timbalane gustimu, ya becik sira sun kembari."

Bareng hangrungu hing hujar mangkono, nuli piyak hawe dalan, nuli milu hangiring-ngiring sareng katur hing Sunan Kuning, yen kang bala sami taluk hing musu, Sunan nanglolos saking nagari tinut wuntat dening musu. Dangu-dangu nunten kacepeng. Kang nerat supe hing ngenggene kacepenge, caritane duk lagi grana srangenge kongsi hentong dala padha hanuled dammar maning wong hake. Wartane duk kacekele Sunan Kuning nuli ginawa hing Samarang kaluntakaken kabirat hing Selong, Susunan Prabu lunta jumeneng nata. Lami-lami Susunan wangun nagari sareng palastha nunten pindha hing nagari Sala Kartasura kasuwungakaken. Nunten napuputra wasta Pangeran Dipati Hanom, hiya Susunan hiki hagagarwa lan kang putra Pangeran Sampang kang nama Ratu Kancana Wungu.

Kacarita wonten ta Holiya rawu hing nagari Cina, hane- **(h. 49)** lamaken. Ki Pati dala sampun selam, nunten matur hing gustine, hature: "Gusti leheng jengandika selam, mungpung wonten pandhita rawu mariki."

Kecape sang ratu: "Hiya Pati besuk sahiki, hisun durung sir, benjing mali." Ki Pati matur, lami-lami sang pandhita kadhawuhan swara, hujare: "Sedheng sira anelamaken wong Cina limang laksa yen selama kabeh, dadi suwung horana hisining naraka."

Nuli Sang Pandhita kesa wikana kang jinujug sareng sampun lami, sang ratu Cina ngandikanni Ki Pati, kandikane Sang Raja Cina: "Pati, sahiki hisun teka sir malebu selam hage sang pandhita hundangen marene." Hature Ki Pati: "Gusti sampun boten wonten, sang Pandhita

punika wikan nenggene kesa." Kecappe sang ratu: "Mulane sira hora wara-wara, yen niku harep lunga, hulatana pacuwan sira muli yen nora bareng sang pandhita."

Ki Pati nuli hamit kesa, nunten mantuk hing griya hangemoti duduwene lan sabalane hing ngemot hing bahita. Nunten Ki Pati layar, lami-lami hanjujug hing nagari, sakehe kang jinujug sang pandhita, tan kapanggi, nunten kasanglat hing nagari Polembang. Nunten Ki Pati mentas hing nagari kahilaran sang pandhita hing Polembang tan kapanggih. Nunten kawartos dhateng Ki Harya Damar kang hanger tanna Palembang yen Ki Pati kandeg hing nagari, Ki Pati resampun hislam. Nunten kapupu mantu dening Ki Haryang Dila pinanggihaken lan kang putra **(h. 50)** kang patutan saking putri Cina. Lami-lami hapuputra sami sahe warnane kang sepu Pangeran Harya Polembang kang nganem Harya Pinutra, yahiku kang rawu hing Pakungdya haguguru maring Kangjeng Sinuhun, bareng seda sinare hing Palakaran, Harya Polembang Hakrama lan putrane, Nyai Gedhe hing Maloko, hapuputra kakali; hingkang jaler kang sepu dadi Sultan ning nagara Demak Kang hanem Pangeran Sedang Lepe[n], yahiku haguguru maring Kangjeng Sinuhun dala sinare hing ngastana sareng sahenggen.

Kangjeng Sultan Demak, hapuputra; kang sepu Ratu Mas Nyawa, nunten Pangeran Dipati, Ratu Japara, Ratu Hibu, Pangeran Prawata, Panembahan Madiyun, Ratu Pananggungan, hakrama lan Pangeran Kalinyamat, kang wuruju Pangeran Nariya Mas Juru.

Sang Brawijaya hing Mahospahit hagagarwa lan putri Cina sareng nitis sang putri pinaringaken dhateng kang putra wasta Ki Hariyang Damar kang nagare Polembang, ujare: "He hanak hisun si bapa gawe rabi, nanging sahiki lagi nitis, haja ge sira wowori. Yen nuwis bebeleyan kareppira nganggo." Nuli sang putri binakta hing nagara Polembang. Lami-lami sang putri wewedhe miyos jalu. Lunta sang putri Cina kinarya swami dening Ki Haryang Dila, tanna lami sang putri nitis mali. Lami-lami sang putri nuli wewedhe, miyos jalu kang putra, sahe kang warni pinaraban, kang sepu Raja Sinepu, kang hanem Sang Raja Mudha **(h. 51)** sareng hageng sami kawardi hing kajayan miwa karosan, sakalihe dening kang ramma sareng sampun sami teter tanana kang kashor hing kawidagdanne kang raka lan kang rayi.

Warnane kang raka sigit kaya Si Brajanata, warnane kang rayi kaya Sang Harya Banyak Tulan sarira ronjo, hireng semunne.

Nunten katuraken dening Ki Haryang Damar dhateng Sang Brawijaya Mahoslengka, kang sepu kaparingan cacangkok hing Bintara, kajenengaken Ki Gedheng Polembang, kang hanem kaparingan cacangkok hing Teterung, jinenengaken Ki Patya Tandha. Sakalihe kinon galang kutha gawene sami hanggelengi para pamuka Mahospahit jinajar hing cecepenganne hing pangemanne sang prabu lan Ki Haryang Teja.

Cinaritakkaken, duk gempuring Mahospahit tatkala hangadu hayam Ki Gedheng Palembang lan sakehing para Bupati ning halun-nalun nuli hudan. Ki Gedhe malayu hamburu Pancaniti, Ki Pecattandha gumuyu bari hangucap: "He si kakang, dening kaya wedus kapalayu hing hudan sahiku cilikke." Wangsulanne Ki Gedhe: "He Ki Hadhi, kaya dudu terehe si bapa metokaken hujar saru hing kenne henggone. Hapa kurang pracaya si hadhi maring si kakang? Horana siji wong Majapahit kang sun taga. Bok Ki Hadhi sir hangayonni maring Si Kakang, ya payu hing ngendi bahe henggonne."

Sahure kang hing ngujaran: "Najan pun hadi henggi dereng hangrahos wega hamese hing pan raka. Nanging sapuniki tanggel manawi kakang tan nangrahos tu- **(h. 52)** wuk. Re punniki sonten manawi benjing-ngenjing kakang miyos hing jawi kitha hing sahure ya becik."

Wong kang hanang Pancaniti sawiji tannana kang milu rarasan saking wedine hing karonne. Nuli padha bubar muli hing humahe sewang-sewangan hing ngucapaken Gedheng Palembang hing pamondhokanne hanggetem mangregut saking sanget merange. Re den code maring kang rayi dinali katawang hing jejerihe, hora guling sasipeng hangajap hing henggalling ngenjing kang raka muwa kang rayi dereng nambut krama saking remenne hangula girang kawewehan malumat guru hing Sunan Hampel winuruk helmu Supi. Sareng byar padhang sasampunne salat subu, Ki Gedhe dangdan wus hanedya peja, kesa hing jawi kitha tan ambakta rencang. Danguning-hangantos me pecat rakitan kang rayi dereng rawu, ciptane kang raka: "Hem Ki Hadhi, kaya dudu terehe si rama hangoncatti hing pasanggupanne."

Me pedhek hing tengange katingal kang rayi rawu, tannana tilas pinga sayaga, kang raka mungkarag sarirane saking sanget bungahe. Nuli kang rayi binuru sareng pendhak hing ngulukan salam, kang raka kampo, nanging tan sinahuran saking gegetunne re hical hing seserenge. Dangu-dangu kemutan hing pituturing guru, 'Yennana wong haweh salam wajib kang hangrungu nahuri.' Nuli sinahuran salamme kang rayi. Nuli kang rayi gumujeng heca, hing gujenge, bari hangucap: "Hem, kakang, hisun lagi lekas punapa baya. Teka dika mongkono tingkahe. Punapa dika pang-**(h. 53)** ling yen kula sadulur dika. Yen kula peja henggi dika kang susa. Kula sesemonira mangko. Teka kakang silib hing tampane kaya dudu terehe wong ngabecik. Kita nikuwen wong ginulang-ngalung. Tannana siji kang kita tahan wong sa Mahospahit. Kita dadi wong Islam kaparenta dening si kapir, Heca manahe si kakang yen si sami kita hamuk Sang Brawijaya tur patut hing sara."

Wangsulane kang Raka: Ya bener Ki Rayi, sumadi kita mati Bangka, haluk mati hanglakoni hing hujaring sara. Kita padha marek dhingin maring guru kita, Sunan Nampel, padha nedha hidin."

Tan kahucap hing lampahe, henggal rawu kang sinedya. Nuli sami matur hing Sunan, kandikane: "Hing tingale si rama, kaya wis teka hing jangjine." Nuli kesa, rencange kesa, Susunan Nampel raja pandhita. Sunan Giri, Sunan Bonang, Pangeran Kalana, Pangeran Sucimana, Sunan Kudus, Sunan Kali, Se(h) Bentong, Se(h) Majagung.

Sang Prabu tan neca guling hadhahar hing kesahe Ki Gedhe muwa Ki Pecattandha, hangrahos lesu panas kang sarira. Nuli hagawe papanggungan ning tengahing karaton, gedhe hadhuwur papanggungan niku lir bangsal, kandikane sang prabu: "Sakehe hanak rabi nisun, sapa kang heman maring hisun, hage munggaha hing papanggungan sahiki, harep hana musu teka. Kita padha nonton tekane."

Nuli padha mungga, putri kang durung hana hagamane, tan dangu rawuhing para aholiya. Nuli pura kine- **(h. 54)** pung sing kidul, sing kulon, sing wetan, sing lor. Nuli padha handunga, tan adangu peteng. Nuli miyos jawo awor rangin kaliwat gedhene, sigra kang kapir padha kawur tan karuwan henggone hingkang hanang sajeroning kutha. Bareng padhang rereping hangin lan banyu yen den tingali dening kang padha handunga, yen nagara wus dadi halas, huma lan wonge

muwa sahisine wis baresi. Nuli para aholiya sami mantuk. Nuli para aholiya sami hanjenengaken Ki Patya Tandha sinengkakkaken linggihe dadi Pangeran Pecattandha hing Teterung. Sakehe bala Mahospahit kang tan tumut merad, samiha ngere papadha dening Ki Gedheng Polembang mantuk hing nagarine. Hanggentosi lulungguhe kang rama Ki Haryang Dila hing Polembang.

Pangeran Pecattandha hing Teterung lami-lami hapuputra; kang sepu Sultan Demak, kang hanem Pangeran Sedang Lepe[n], hiku hana carita roro, hendi bahe raketanne rayane Sultan Demak.

Kangjeng Nabi Nok ngalehissalam puputra; kang nem wasta Asan, nuli puputra Babar Buhana, nuli puputra Manelutti, puputra Gundhel Ganmungan, hapuputra Hanggalarang, puputra Gandalarang, nuli hapuputra Ratu Sayar, hapuputra Ratu Majakane, puputra Ratu Komara, hapuputra Ratu Yamana, hapuputra sapunika 5; kang sepu Ratu Gale, nuli Sang Sir Puti, nuli Sang Rasa Puti, nuli Hatma Suci, wuruju Ratu Brama.

Sang Ratu Gale, hapraja hing Desa Galu[h] **(hlm. 55)** jajahan hamba nagara, puputra; kang sepu Hariyang Banga, kang hambabak Mahospati, sing hampiyan Ciyung Wanara. Sane[s] hibu mali Sang Maha Raja Sakti kang hapraja hing Banten. Kang saking Celeng Puti, Dewi Hartati, yahiku kang duwe Taman Talaga Remis hing desa Kaduhela, puputra wasta Sang Suwung Rasa, kang pinangka ramane, camera haran Si Jagu, hulese belang wiyungyang.

Duk Sang Suwung Rasa mingwana Si Jegu ginawa bareng hing ngayahaken ning buron, nuli hamburu, nanging hora kena. Nuli bali manning ming Sang Suwung Rasa. Dupi sabanne yen nuwis hamburu hora bali yen durung kenna kang binuru, nuli hing ngayahaken manning kaya mahu maning hing lagane. Nuli Sang Suwung Rasa sewot Si Jegu tinohok nuli mati, badhane pinendhem hatine ginawa muli. Bareng teka, hujare: “Hembok hiku hatining manjangan age holahanna. Padha pinangan.” Barang wis mateng den nolahi, nuli pinangan bareng-bareng wis hentong, nuli rarasan: “Kancung nangendi Si Jagu hika, teka hisun beli handeleng.”

Sahure hanakke: “Kang sira pangan nika, ya hatine Si Jagu. Bonggan sun nayahaken ning buron nora gelem hamburu, ya sun tohok.”

Nuli kang putra ginitik lan centhong kongsi metu geti hendasse. “Bok sira hora weru ya hiku bapa nira. Mulane teka sira patenni. Wis sira lungaha, hora sudi babarengan lan sira.”

Sareng miharsa Si Jegu ramanne, nuli kesa, sa-**(h. 56)** paran-paran saking sanget merange. Kongsiya kapanggi, lan jalma hapinda jenengan katela Sang Jaka Sumarandana, habagus warnane lir Sang Ngardhikusumma wartanne hanukma hing Guru Kidul, hangayangan ning Roban nenggonne.

Sang Mangaraja Sakti puputra pipitu dadi siluman kabe, Ki Jaka Larang hanyiluman ning Roban, Ki Kuyupu hanyiluman ning guwa hupas, Ki Lempang Larang nyiluman ning Lakbok, Kaki Dulek nyiluman ning Sancang, Ki Sapularang nyiluman ning Tunjung Bang, Ki Wiriwengi nyiluman ning Wiragati, Ki Lelewi nyiluman hing guwa Pajajaran.

Bareng wis padha hanger bala memedi jinenengaken retune Ratu Lenyep Landep kang nganang Roban, Mangaraja Larang hing Tunjung Bang Sang Ratu Bujaga kang nganang Lodaya. Ratu Martitim kang nang guwa hupas. Ratu Markede kang nganang Lakbok. Ratu Buligir Puti, hing Pajajaran. Ratu Berem Tengen hing Sancang. Sang Prabu Ciyung Wanara, dadi ratu hing Pajajaran. Parek Bogor balane, pan Dhedhomas kang nganak-hanak duk timure wasta Kaki Barangantang lan Nini Barangantang, yahiku kang ginawe sepu-sepu hing nagari, hamarenta hing sakahe praja Sundha.

Sang Prabu puputra histri haran Dewi Purbasari, kasubhing kahelokanne critanne pinanggihaken lan kang putra Panggung Kancana haran Lutung Kasarung, yahiku kang kocap hing pantun suwira lewi, saktine mahabara. Nuli puputra, ha- **(h. 57)** puputra Prabu Linggahiyang, nuli hapuputra Sang Prabu Linggawesi, hapuputra Sang Prabu Susuk Tunggal, nuli puputra Sang Prabu Mundhingkawati, nuli puputra Sang Prabu Hanggalarang, hagarwa kakali, kang rayi Harya Banyak Sumba, hawasta Hastuna Larang putrane wasta Sang Raja Putra; garwane sang Prabu Hanggalarang kang hanem kang Rayi Ki Harya Jingganagara, paparab Sang Huma Dewi, puputra Sang Pamana Rasa harane, junenengaken Sang Raja Sunu.

Duk kapitna dening sang raja putra kawade hing liyan nagari,

kang kinengken wade, kapetengane Ki Pati Banyak Sumba hawasta Ki Tendhasang lan Ki Papag Rahang. Nunten kapindhahaken kang wasta hingaranan Sang Siliwangi.

Nunten kabakta milir hing lepen Dramayu kapanggi lan tiyang Polembang duk dagang wasta Nakodha Minadi. Nunten kayurupaken lan tarasi. Lami-lami Sang Nakodha tan kawawi kanggenan Sang Siliwangi. Nunten kabakta mudhik, nunten kasingluraken lan Jati Sabojong hing Ki Gedhe Sindhangkasi, ramane Nyi Ambet Kasi. Hing benjang benjinge sareng sampun katalukan dening para bupati kali bela[h] duk hanang Japura henggone. Nuli Siliwangi hanglurugi kang raka Sang Raja putra Pakuwan kang raka tan karsa hangladosi reh hangrahos mangsa hudhilana. Nuli hanglolos saking pura meng Ki Pati Banyak Sumba kang hangladosi rencanging ngapancas. Nanging tan adangu, nunten kacepeng gesangan dening Prabu Balangbangan haran Sang Ngamukmu- **(h. 58)** rugul, yahiku hipene Siliwangi, sadulure wadon haran Dewi Kentringmanik kagarwa.

Nuli lunta Sang Siliwangi humadeg hing Pajajaran. Hanggentosi lungguhe kang rama Sang Prabu Hanggalarang harane, kang dadi prameswarine Dewi Hambetkasi harane, putrane Ki Gedhe Si[n] dhangkasi kang dadi pamuke nanging tan kadeleng dening liyane Siliwangi, durga sang Nganjawong harane, kang dadi papatihe Ki Dipati Ponggang Romahiyang, kang ngapraja heng gunung Gonggang haranne, kang dadi senapati Ki Dipati Wirataji, kakange Nyi Ambetkasi lan Dipati Tajimalela putrah Wirapura, mimisane Hambetkasi, lan Dipati Suryalaga, putrane Prabu Wangi kang ngangre Praja Sumdhang Larang. Hiku kakange Gedhe Sindhangkasi lan Dipati Borosngora, kang hapraja hing Panjalu lan Sang Surabima, Panji Gora jujuluk Sang Ngamuk-murugul, kang hapraja hing Balangbangan, kang kocap hiku kang dadi pakuning praja Pakuwan.

Kang dadi pamongmonge Siliwangi saking rarene mula, tetelu; Wulucumbu tedhak saking kang heyang, kang haran [1] Sang Nulawas hiya Sang Carak Tuwa, ya Sang Lampung Jambul; karo [2] Sang Kidang Pananjung; [3] Sang Gelap Nyawang.

Dhangdhang Gula

Sang Lampung Jambul sambating ngaksi, apa dudune menak

Prasanta, Kidang Panaanjung padhane, juru de tuwa-tuwu, gelap Nyawang bajang kahaksi, katon dadi upaya, hing ngaprang kabutu, tatehing hamburak gelar, tegu turas yenna ngamukhil rarangkang, hanjudhi hanjadha jadhaweri, hamakoli duwung kawalesan durgama tanpa hangene, hangenakkaken lawu, hing lawanan nira hajurit, sapa sanggup nyandhaka, hing trejak latipu, sisikatan namber walang, hapa kadi mangkana sapapadhaning, gelap nyawang yen yuda, hayuda gasik kasambadaning, hendhep ciline hora sapala, sapalangkakan dhuhure, rarahi hanjruk purut. Pipi gemuyo hana masih, gaga dinulu waras warareng sapulu, hana rawating mamala, pangalembrehing talapukan ngalingi, mata katon sasigar, halis macan hanggembel tinubing, huwan rumembe hing talapukkan, lir sapi gogorokanne, kelar hangenang jebug. Huntu papak kalawan gugusi, batukke nongnong lengar lir pasanging benjut, saking nganom rarambuttan, dala tuwa horana braja nedassi, mala teka hing tungkak, tatrap ning ngaji dadali puti, yen lumaku langkara hananga, hing ngambekkan kangelanne, rehing sakedhap rawu, kang wawanton takeran sasi, tan kasusu kasasar, paran kang jinujug, dinanan hing kawidagdan, bandingen lan Kidang Pananjung tampoli, gelap nyawang kasoran, si Kidang Pananjung hangungkuli, tuwa yoni, saking gelap nyawang, luwi maning sawijine, sira Sang Lampung Jambul, katemu wulu cumbu saking, kang heyang duk hamendak waya tenga tuwu, kang nulis hiki sih hora weru dhewek mung holi hangru- **(h. 60)** ngu maning, hing wartane wong kuna.

Hiki caritane, Sang ratu hing Medhang Kamulan putrane tetelu; kang sepu Sang Raja Cakrabuana, panggulu Sang Raja Sangara, kang nem wasta Nyi Dalem Hayu. Tatkalane Sang Raja Sangara duk guling hanyupena, wangsiting supena, 'Yen dika hajeng dadi ratu hatawa hayun lewi. Dika mungga khaji hing Meka.'

Sawungune haguling kalangkung hing gegetun, nunten kabayannaken hing para ponggawi kang sepu-sepu, wangsiting supena kang wahu dalu hatur hipun kang tinaros hinggi langkung sahe. Nunten Sang Raja Sangara lunta malebet hing pura matur hing rama hibune, hamit kesa hanglalana.

Kandikane kang ramma: "He hanak isun, henggo hapa lunga-lunga, si ramma wis tuwa, hapa karep hira, si bapa minangkani, sok

hantenga hing praja bahe."

Kang putra tan kampo, nunten hamaksa kesa, nunten hamit hing rayi rena kali, lunta hingkang rayi sadherek wasta Nyi Dalem Hayu: "Rayi, si kakang harep lunga hing Meka."

Hature kang rayi: "Kahula tumut, kapengen peja gesang lan jengandika." "He rayi, haja ge milu sahiki, besuk yen si kakang wis holi panggonan, ya si kakang papag."

Nuli Sang Raja Sangara lunta kesa nusul hangayam malas, jurang pereng kamargan. Nuli kapethuk lan Maholana Magribi, nuli tinakon: "Wong pundi pakan nira?"

Wangsulane: "Kula tiyang tana Jawi, putrane Raja Medhang larang. Kula hajeng ming Meka."

Kandikane Maholana Magribi: **(h. 61) "**Manira kinten serat, dika sungakem hing guru pakani, punika dika tampenni."

Wis serat tinampen nuli, hamit sareng kesahe, saking henggen, kang ngetan lan kang mingilen. Tan kahucap hing lampahe. Nuli rawu, Sang Raja Sangara hing tanah Arab. Lunta hing panggenanne Sang Maha Panditha. Nuli sang pandhita taken, "Pakannira ki hanak wong pundi."

Wangsulane: "Kula tiyang Jawi, jajahan Pakuwan. Kahula kakintunan serat dening Ki Maholana Magribi, punika katur."

Serat henggal tinampen nuli winahos, ungeling serat: '*wahiyali amanu wa tokhidu wal mangripatu wal ilamu.'* Nunten sang pandhita mesem, kang pangandika: "Yen ki hanaksir guru ngahos, henggi sukur, manawi si kaki tihasa mejang."

Sang Raja Sangara mala lami wonten sang pandhita sampun tamat kurhane. Nunten nangahos kitab Sara miwa husul lan naktune. Sampun kapatwa tihasa mahos lapal mangnanne. Nuli Sang Pandhita seda rempagi rencang kang kinarya kalipa. Sang Raja Sangara re mindha piyambe hing pangahosse. Nuli Sang Raja Sangara manthuk hing Medhang Larang prajane. Tan kahucap hing lampahe. Nuli henggal rawu hing tanna jawi. Nuli ningali wong lagi meme rebon pedhek kikisik, henggal pinurugan. Nuli kang meme tinaken: "Punniki jajahan pundi lan katela sapa sinten pakan nira?" **(h. 62)**

Wangsulanne: "Hinggi kula kang katela Kuwu Garage, laki

bagus, hing pundi prajane?"

"Ya hisun paman putrane Prabu Medang Kamulan kang haran Raja Sangara."

Hature Ki Kuwu: "Jengandika puniki, henggi gusti kawula. Mugi karsaha hangrawuhi hing compoke pun paman."

Nuli Sang Jayasangara binakta hing griyane sareng rawu kalangkung sinoba-soba. Danguning lilinggiyan, hara pinupu mantu. Wangsulane Sang Jaya Sangara: "Hing sihe bibi muwa paman hisun nedha, yen sahiki dening durung tutug lalakon nisun. Manawa besuk yen uwis hisun mareking rama. Lan manira hamit lunga muli mungpung hesuk."

Lunta lampahe, Praja Pajajaran bina bener kentasa, tan adangu henggal rawu, kang rama kapanggi tebeng babadhayan sami hasukan-sukan lan sawadyane. Sareng kang putra katingal rawu, nuli hing ngawe dening kang rama: "Bageya hanak kisun, hing kene linggiya kang paresk si bapa kangen."

Hature kang putra: "Kahula nuhun."

Dangu ning lilinggiyan, nulya kang putra matur: "Rama saking heman kahula dateng sampeyan, rumahos kahula yen putra sampeyan, yen kasawawen rama miwa sahisining praja puniki leng sami malebet hagami Islam, kahula mangke kang hamejang hing tekad miwa pratingkahe."

Wangsulanne ramanne: "Hem gusti, hanak hisun, kapalang si bapa wis tuwa, yen atinggalla hagamanne kang dhingin-dhingin lan sira mentas hangumbara. Manawa ta holi kabecikkan kang dadi matak hesak hing **(h. 63)** Nagara, teka ngajak manjing tilam, hisun beli arep."

Ature kang putra teng rama: "Jengandika kahula wejang mahos sahadat kalima kali, gi punika kang dados kasalametaning nagari, sing dunya rawuhing ngakherat."

Kang rama ngandika, ing para ponggawi: "Hanak hisun ki kaya dudu pangucape dhewek, kaya wong kakaranjingan iblis. Hage padha cekelen."

Dupi hora tinubruk dening sakehening wadya nuli sang raja Sangara, bramatya angunus pedang narajang sarwi mahos tahwud, sugri kang katerak burak tan manggapuli. Nuli kang rama bubar merad,

ngahiyang sawadya balane kabe, dina Salasa, Sapar ping 2, Jimakir, Raja Sangara mangun ningali nagarine wis dadi wana-warnane sareng noli hing pungkur, katingal kang rayi sadherek tebeng linggi ing gigilang puti bari karuna. Nuli rinangkul dening kang raka: “Mulane adinipun beli milu ngahiyang.” Ature kang rayi: “Kula eman ming dika. Kapengen tumut dhateng Meka(h).”

Nuli Raja Sangara kesa Nyi Dalem Ayu binakta. Tan kahucap hing lampahe, nuli enggal rawu hing Meka(h) nedya guguru hing Sarip Meka(h), lami-lami aguguru kasatyan pangawulane Raja Sangara miwa Nyi Dalem Ayu, re mindhak kapinteranne, nuli hingangken putra dening Raja Sarip Meka(h) dening tetep ngibadatte bari ngasru patobatte lan akeh pamujine.

Kocap Raja Banissrahil kang haran Raja Hutara garwane sumala tansa sedhi prihatin rahinten dalune, nuli **(h. 64)** miharsa yen wonten putra Jawi malebet guru hing Sultan Meka(h), sapantaring ngayu lan garwane kang sumala Ratu Banisrahil, nuli potusan Ki Pati kang hambakta serat katur serathing Raja Meka(h), dupi kawahos mungel ngarsakaken Nyi Dalem Hayu. Nuli tinaret yen kinarsakaken dening Raja Banissrail, dupi hature dereng sir karma, kandikane Sarip: “Haja mangkono, pamali wong wadon ora gelem laki. Apa maning raja kang karep maring Nyi Hanak balik mumundhuta, apa bahe kang den kasiri.” Dupi hature: “Yen tuwan sampun nuju, henggi kula nuruti, kang kula tedha, kapengen darbe hanak jaler kakali kang bagus warnane, bari dadosa ratu Maholiya, mung sapunika panedha kahula.”

Sarip Raja kendel, mala dahu miharsa pamundhute nyi wadon nayu, nuli ngandika hing Ki Pati pakannira matura hing Raja Banissrahil salam manira bari punika serat wangsulan kan wahu, Ki Pati nuli hamit, tan kahucap hing lampahe nuli gelis rawu. Serat katuraken, dupi winahos sang Raja Yuta kendel mala dangu, tanna ngandika saking tumemene nenedha rahinten dalu, tanna dhahar nora guling sareng hing malem Jumunga guling hing masjid.

Sawungune hangleresi sapratiganing setenga kang akhir nuli salat tahajud, hing salebeting salat miharsa swara, kandikane yen kinon nanggupi, nuli Sang Raja Hutara, kesa maring Raja Meka(h) bari ambakta sakapraboning ratu **(h. 65)** nuli henggal rawu hing praja

Meka hamanca warni hatur-hature maring Sarip Meka(h) miwa hing Nyai Dalem Hayu. Nuli kaningkahaken tumunten nembe hangsal sa Jumunga. Nuli hamit mantuk sang raja dhateng Sarip Meka(h). Tan kahucap hing salampahe, nuli henggal rawu hing nagarine.

Lami-lami nuli Nyi Dalem hayu bobot sampun ping kali pun nini wiwidhehe sami jalu kang putra bagus-bagus warnane. Sang raja sunu, nuli kang rama haran Sang Raja Yuta sumala. Kang putra kali tinilar dening kang rama maksi rare paparabbe kang putra, dupi kang sepu Sayid Sekh Hidayatulla(h), dupi kang hanem Sayid Sekh Nurula(h).

Sareng sampun sami baleg putra, kang sepu anglalana, tingkahe kesa tilar nagari Henggi kang kocah hi[ng] wawahosan Suluk Bulkiya harane, duk Kangjeng Sinuhun rawu hing Garage guru hing Pangeran Makdum ngahos kitab *Sitin Hasmarakandhi,* nuli kesa guguru hing Garib, nuli Ki Gedheng Sembung guru bari ngaturaken panggenane. Nuli Kangjeng Sinuhun pindha hadhedheki hing Gunung Sembung, nuli mider-mider kapanggi lan tiyang mangat, hidheke salawe pamahatane, nuli sinelamaken, nuli lunta hing griyane Ki Gedheng Babadan kepanggi tebeng malenguk halinggi hing sosompange, nuli tinaken kang dados purwaning piyatu[r], hature puniki: "Pepetetan namba peja, pun agi kula sinten kang malujengena hing Campaka puniki. Hanak kula ro kula turaken pu- **(h. 66)** ndi kang den pindha hing sala sanunggille, punika kahul hamba."

Nuli Campaka hing husap, nuli Kangjeng Sinuhun kesa, Campaka wis waluya jati. Ki Gedhe gegetun pantese hika Waliyulla, ming ngendhi ta parane wong hanom hika, hisun duwe kahul durung kalakon. Nuli Ki Gedhe kesa ambakta sunune kalihe, nuli kapanggi hing hukir Sembung, nuli Gedheng Babadan ngaturaken putrane kang kapundhut, kang nganem wasta Nyi Rara Campaka, nuli katingka, ya hiku wiwitane Kangjeng Sinuhun karma, tan ana puputra.

Lami-lami nuli kawartos dening Sultan Demak, yen ning Pakungdya wonten Waliyulla saking Ngarab, nuli Pangeran Dipati hing ngutus dening kang rama kinon guguru. Tan kahucap hing lampahe henggal rawu hing Pakungdya, nuli kapanggi hing hukir Sembung, nuli Pangeran Dipati haguru sareng sampun jinatenan helmu rahos, nuli pangeran namit mantuk, nuli matur hing kang rama, nuli kang rama sir

kapanggi, nuli kesa hing Pakungdya.

Tana dangu Sulatan rawu, nuli lunta hing hukir Sembung, nuli Sunan nanguluki salam. Sultan duk haningali hing waranane Sunan, nuli ngandika maring hingkang putra: “He Ki Dipati, ya sedeng nagara Pakungdya, haturena ning guru nira. Dadiya hamal kita, hature kang putra: “Leng rama piyambek hangaturena.”

Nuli sami halinggi jajar, Sultan nangandika: “Punika siti Garage kahula ngaturaken hamal lan punika dhuhung katur, lumayan bingdha murid tuwan.”

Hingkang wangsulan Kangjeng Sinuhun: “Alkamdulillahi.”

Nuli mohos dunga, nuli Sultan namit mantuk, nuli sami sasalaman Sultan lan Si- **(h. 67)** nuhun Pakungdya. Nuli Sultan Demak miwah sawadya balane mampir dhateng Kahi Supethak, ya hiku kang katuwawi dening Sultan nangaweruhi sakukuban Pakungdya. Mulane hing ngaranan Carbon, pajege Ki Supethak ming Sultan Demak mung lan tarasi unggal wulan.

Nuli Sultan nangandika: “He kuwu Pakungdya, hing sahiki Pakungdya bumine kabe wis sun naturaken maring gurune hanak hisun Ki Dipati, dupi sira ngaliya sing kene hing bumi Gebang. Caca limang ngatus dadiha paparenta gannira.” Hature Ki Kuwu: “Sumangga, punapa timbalan dalem.”

Nuli Sultan lunta hing Lepenjagi, nuli sami sasalaman, danguning linggi nuli Sultan nangandika: “Yen rila mana tuwan, hamba kapengen sasarengan sarahinten dalunne lan tuwan manawi tuwan hambarkahi hing nagari Demak dening si tanna puniki, kahula turaken dhateng Makhdum Pakungdya daweg tuwan namba bakta sapuniki hing nagari Demak dadossa tumbal kahula.”

Kandikane Sunan Kali: “Hinggi punapa karsa tuwan kahula andherek.”

Kinanti, winastan Kangjeng Sinuhun, hingkang haken namboyongi dhateng hing nagari Demak. Sunan Kali handarbeni katuwon nuli ngandika: “Hem Ki Makhdum Carbon sili. Pira lemahe sagandhu, hora haweh sun nenggoni nanging ta hiya manawa hanak murid hisun kongsi kalakona hamarenta hing tepahe kang hing guri.”

Miharsa Kangjeng Sinuhun, **(h. 68)** yen Makhedum Lepenjagi

hangandika sapunika. Susunan ngandika mali: “Kaprentaha hora lawas hanak putu nisun benjing.”

Sampuning jenek halunggu Susunan hing Pakungwati, kawentar hing sanes praja, yen waliyulla dimurti sasugrine kang miharsa sir hing mana hara ngabdi kang garwa Kangjeng Sinuhun wasta Nyai Ratu Carang Campaka sumala nanging dereng puputra. Nuli Sinuhun hara kesa hing Banisrahil, hara methuk kang ibu, kang katuwawi tengge padaleman Ki Gedheng Babadan, Ki Gedheng Kajongan, ya Ki Gedheng Sembung, lan Kahi Panderesan.

Tan kawuwus hing lampahe, nuli rawu hing Banisrahil, lunta malebet hing pura nuli kapanggi kang hibu tebeng linggi lan kang rayi kang wasta Sayid Sekh Nurulla(h). Sereng ningali rawuhe kang raka, nuli binuru dening kang hibu miwa kang rayi, nuli kinarunan mala gumer wong sa Pura, hujare kang weru, ‘dahu ningali linggiyan’. Nuli Susunan ngandika hing sasumerene ramma: “Sukane si kakang rayi, hanggentenana jenenge rama.”

Hature kang rayi: “Leng raka re sepu, hora rayi lagi ngilane si kakang, hinggi si punapa karsane raka kahula handherek.”

“Rayi, mung kang sun jaluk wasiyate ramma; sawiji keris lan pedhang lan bedhil, muwa kitab lan kurhan lan pataka, muwa hibu kang suntedha, sun gawa maring Pakungdya.”

“Hinggi raka, sumangga pun rayi ngaturaken.”

Nuli kang raka ngandika: “Kang patut hing sara rayi, kang binakonan kita hanger praja, hambriha- **(h. 69)** ja kawengku hing lalim, lan bok hana pakewu hing nagara, muga haweya weru hing si kakang, wis rayi, si kakang hamit sahiki.”

Nuli miyos hing jawi kapanggi lan Ki Pati Rakhim hasal saking nagari Jowar kajenengaken Ki Hagus murid, kang saking Sarandil wasta Raja Lahut kapernahaken hing Jaketra, kang saking Banissrahil, kang putra Ratu Hakbar kang rumun wasta Ki Habul Kapi kajenengaken Ki Gedhe hing Kedhokan. Putri Cina kajenengaken Nyahi Gedheng Patis, yahiku rencange Kangjeng Sinuhun Saking Ngarab kang hibu hanggendhong pataka.

Tan kahucap hing lampahe henggal rawu hing Pakungdya, kang binaan paman Ki Pati saking Keli[ng], yahiku kang kapotus hambedha

Pajajaran.

Sinom

Hamahosaken pamarna, susunan sampun lami, halinggi haneng Pakungdya nanging dereng darbe siwi, sane hingkang winarni wonten wanodya kang rawu, rangdha hambakta putra histri saking Mahospahit, hamiharsa hing Carbon wonten Holiya.

Hanedya mangke guruwa, wanodya birahing ngelmi, hanulya hamarek sigra, Kangjeng Sinuhun ningali, dhateng Nyi Rangdha singgi, siwinya katingal murub, susunan nangandika, apaa sedya nira bibi, hamarek hing manira.

Hanggawa wekas, Nyi Rangdha hangatur riri, hamba nedya guru helmi, Susunan nuli ngandika, hiku hiya lewi becik, mung hanake si bibi, yen rila hiku sun ja- **(h. 70)** luk, sumangga ture Nyi Rangdha, datan kawawi ngekehi, pun bayi katur, nuli henggal tiningka.

Sampun ning lami hakrama, hanuli kangungan siwi, ya Pangeran Pasareyan, hibune hasale saking, nagari Mahospahit, sununing Rangdha Wulangun, kagarwa hing Susunan, wonten ta winarni mali, Ratu Hayu Pajajaran darbe putra.

Putrane histri sanunggal, daweging rumaja putrid, katingal langkung dumilap, nuli pinundhut tumuli, hing ngaturaken nagkis, tiningkana sampun, nuli pinaraban Nyahi Gedheng Jati singgi.

Hapuputra Pangeran Sedang Lahutan, duk samana Pajajaran wis sinelamaken sami, sasampuning gama hislam, hanuli ngaturi putrid, sakawan ningkang siwi, hingkang titiga kakaturraken ning Sultan Demak, kang kangge garwa sanunggil, ya Ratu Kawung Nganten hingkang paparab, kakali negge kang putra Pangeran Sedakingkin.

Wuruju Ratu Winahon, yahiku putra kang histri, sampuning lami-lami, wonten kang mali winuwus, pandhita tana sabrang, paparab Ki Gedheng Jati, hamiharsa hing Carbon wonten Holiya, nuli kesa hangajawa, hambakta sunune histri.

Hamarek maring Susunan, hing hulukan salam haglis, sinahuran tumuli, nuli hing ngajak lunggu, Susunan hangandika, punapa sedya mariki, Ki Gedheng Jati hature hing Susunan, hamba nedya porohita, hing tuwan nedya handasi.

Kasuksrahing rat tana jawa, tuwan waliyulla[h] lewi, hamba

mila marmaning, ngajawi sumeja guru, susu- **(h. 71)** nan hangandika, ya nakhoda lewi becik, mung putra pakannira hiku sun tedha, gedheng Jati hatur rira, hamba ngaturaken gusti.

Sumangga hing karsa tuwan, nulya tiningkaken naglis, kalayan Pati Keling, tan kawarna lami nipun, Pati Keling puputra, Ki Gedheng Kedokan singgi, sampun nasomahan Ki Gedhe punika. Kalayan ningkang hatmaja. Ki Kalapa Ciyung nenggi. Putrane histri hawasta Dewi Paningnging kinawin, Tan alami hanuli, puputra kakali sampun.

Hingkang sepu hawasta, Nyi Gedheng Maja hanuli hakrama lan Ki Tandhamuhi Kabuntalan, kang nganem jalu kinarya, pali Pangeran Dipati Carebon hingkang Sawarga, hingkang seda hing Kamuning, Pangeran Nadipati, bapa huwa yen nambeluk.

Ming Ki Gedheng Kedhokan, putrane Ki Pati Keling, Ki Pati binasan Paman deng Susunan, duk hana Nakoda sing sabrang kapanggi, lan Pangeran Pasareyan, hature nakoda, Pangeran tuwan haturaken samba hamba hing rama tuwan kahula hamit, medhek hajeng guru helmi supi.

Punnika harta bakti kahula, haturaken hing rama tuwan, man Nakoda mahu duk manira marene, Susunan duk guling, mengko yen wungu manira matur, nuli Pangeran kesa, nuli Pangeran Sebakingkin miyos kapanggi lan Nakoda.

Nuli weling ngatur Ki Nakoda, nuli Pangeran malebet hara mungokaken kang rama, sareng pangeran rawu, susunan sampun wungu, Pangeran matur Ki Nakoda hara medhek, **(h. 72)** nuli Sunan miyos manggihi Ki Nakoda, nuli Nakoda winejang, helmu kang wakik.

Sareng sampun Susunan hangandika, he Ki Kasannudin hanak kisun, hiku dunya gaweke Si Nakoda, juputen kabe, dening si lantarane Si Nakoda, katemune lan nisun ya saking kang sarira, lan wis pinasthi hanak putu nira, den kaluluti dening dunya, bari kinatahan dening, wong liyan nagara.

Rewangana handudunga ya nakoda, hing panenedha nisun samono, hanedhakaken hing nganak, Kangjeng Pangeran Sebakingking, kang putra pamuragil Kangjeng Sinuhun, kang patutan saking Ratu Pajajaran Kawung Nganten, katitipaken dening Kangjeng Sinuhun dhateng Ki Gedheng Dhuku, kang raka Pangeran Pangayunan, kang

hapraja hing Banten.

Kangjeng Pangeran hakrama, lan kang putra Sultan Demak kang wasta Ratu Hibu, hapuputra titiga, kang sepu wasta Pangeran, Yusup katela Pangeran Pasareyan, Panggulu Ratu kang kagarwa dening Pangeran Nariya Gedhe, nuli Pangeran Nariya hangleraken papati.

Pangeran Yusup hapuputra, Pangeran Mukhamad, kang sedahing Rana, nuli hapuputra Sultan Nabu Mapakir, kang sinare hing Kanari, nuli puputra Sultan kilen wasta Habumungali, kang sinare hing Kartayasa, hanuli puputra Sultan Nagung Tirtayasa.

Puputra Sultan Kaji, hapuputra Sultan Jenulngabidin, hapuputra Sultan Jenulngaripin, kang binuwang hing Ngambon, hapuputra Sultan **(h. 73)** Ngarip Jenul Ngasikin, kang kaluwang hing Selong, nuli hapuputra, Sultan Nabul Mapakir Mukhammad Ngaliyudin, kang hiki hibune sing Mataram.

Kangjeng Panembahan Ratu, kagungan pedhekan kang tere Nyahi Gedhe Lemabang, hapuputra Pangeran Nariya Kidul, nuli krama lan kang putra, Pangeran Gedhe kang wuruju, wasta Ratu Raja Dewi, hapuputra kang sepu, Ratu Wulung Ngayu, kang nganem Raden Santri.

Katela Pangeran Nariya kidul mali, nuli krama lan Ratu Raja Wanowati putrane Pangeran Wiranagara, kang putra Panembahan Ratu, hapuputra kakali, kang sepu Pangeran Nariya Suryadilaga, kang sinare hing Wanacala, kang hanem Pangeran Suryamanggala, tan apuputra sanes hibu kakali.

Wasta Ratu Mas Manganti, kangge garwa Sultan Sepu Samsudin, kang wuragil wasta Ratu Mas Sabrang, kagarwa dening Sultan Gusti, puputra kakali, kang sepu Pangeran Dipati Raja Kusuma, kang hanem Ratu Raja Kendra, Pangeran Nariya Suryadilaga, Supe garwane puputra pipitu, kang sepu Pangeran Nariya Kartakusuma, mantune Ratu Demang.

Nunten Pangeran Sutakusuma, Pangeran Wangsadikusuma, nuli Pangeran Natakusuma wuruju sing hampiyan haran Raden Sutangkara, kang histri kagarwa Pangeran Dipati, lan kagarwa Sultan Nanom, Pangeran Narya Kartakusuma, Puputra sanunggil, hawasta Pangeran Nariya Suryanagara.

Kang seda hing sarawuhe sing Batawi, yahiku kang ta- **(h.**

74) mpi saking kang ngeyang hanyepeng nagari, kang dados papati, kang paman wasta Pangeran Nariya Natakusuma, nuli kapendhahaken wasta Pangeran Nariya Suryamanggala, nuli puputra wasta Ratu Jakra, Pangeran Nariya Suryanagari kang kamantu denning Pangeran Nariya Carbon, putrane hagung hawis kang huninga hing sadayane.

Rencange Kangjeng Sinuhun, saking Banissrahil paparab Ki Habdul Kafi, kang putra Ratu Akbar, pinanggihaken lan Nyai Gedhe hing Sembung, wastanne piyambek Nyi Kajongan, hadadalem hing Kasampangan, puputra 5, kang sepu Ki Kartiwangsa, Panggulu Ki Pajangjiwa, Panenga Ki Pecattandha, Pamade Ki Wirapanji, Pamuragil Ki Hangluraga, yahiku para prajurit.

